84 (...6К)
А-40

A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com to remove the watermark

К. АЙМУРЗАЕВ



# ӘЖИНИЯЗТЕКЛИМИЗ

83.3кар
А36

# ЖОЛМУРЗА АЙМУРЗАЕВ

DIZIMGE ALI'NDI'-2010
56719



ОПИСАНО 1999 г.

Қарақалпақ әдебиятының мийўалы дарақларының бири, усы китаптың авторы шайыр ағамыз Жолмурза Аймурзаев быйыл 85-мубәрек жасында

# ӘЖИНИЯЗТЕКЛИМИЗ

КИТАПХАНА
Әжинияз атындағы
Нөкис мәмлекетлик
педагогика институты
5619
48930
№ 3838
19 г.

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1994

**Аймурзаев Ж.**
**Әжиниязтеклимиз:** *Қосықлар.*
Нөкис: Қарақалпақстан,— 1994.—64 б.

Уллы шайырымыз, қарақалпақ әдебиятының классиги Әжинияз Қосыбай улының туўылғанына 170 жыллық мерекесине арналған сыйнама.

**4803326020I-143**
**М—357(04)-94** **Б. 94**

ISBN 5-8273-1500-7

© „Қарақалпақстан" баспасы, 1994

**Жолмурза Аймурзаев**

*Стихи*

*На каракалпачском языке*
*Издательство „Каракалпакстан"*
*Нукус—1994*

Редакторы *Халила Дәўлетназаров*
Қарап шыққан *Яқыпбай Әжимов*
Художниги *Сағындық Ембергенов*
Худ. редакторы *Кеңесбай Бекниязов*
Корректоры *Гүлжан Турымова*

ИБ 4464

Терийўге берилген ўақты 25. 02. 1994-ж Басыўға рухсат етилген уақты 10. 06. 1994-ж. Қағаз форматы 84x108 1/32 Газеталық қағаз. Әдебий гарнитура. Кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 2,0 баспа табақ 3,36 шәртли баспа табақ 2,59 есап баспа табақ. Нусқасы 1500. Буйыртпа № 175 Баҳасы шәртнама бойынша.

„Қарақалпақстан" баспасы, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, жай 9.

Қарақалпақстан Республикасы баспа сөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң „Правда" газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

## ӘЖИНИЯЗДЫҢ ӘЎЛАДЫ

Қоңырат ели қанат жайған, жери жазық, ашық күндей аспаны,
Қаҳарман халық, дилўар-шешен, ҳәрбир сөзи дәстандай,
Әсирлердиң асқарларын сырын билип ашқандай.
Ашық кеўил, ҳақ жүрекли, Әжинияздың әўлады!

Жери ҳасыл, еллери бай, азаматы намыслы,
Баўыр басқан бир жасайды он төрт урыў арыслы,
Алымы бар, ақылы дана билген жақын-алысты,
Баўыр басқан достың ели Әжинияздың әўлады!

Қарақалпақ, Өзбек, Қазақ, Түркмен ҳәм де татар бар,
Бәри бирдей ел солдаты, бузылмаған қатарлар,
Жүреги бир, тилеги бир, ошағы бир, отарлар,
Беккем бирлик елдиң ери Әжинияздың әўлады!

## ТЕБЕРИК

Боз отаў ма, боз атаў ма. ашып айтың анығын,
Екеўин де Әжинияздың қосығынан таныдым,
Молла Әжинияз поэмаңнан пүткил елге танылдың,
Бул мәнзилди жаў алғанда, ели кетти жыраққа.

Залым жаўыз жүрек жарып, ата-анадан қан алып,
Жигит бенен қызларды аямастан жан алып,
Сонда Зийўар хошласты жаннан сүйген яр қалып,
Ат алдында айдап кетти, қамшы басып торы атқа!

Топылып келген тосаттан тарпа басқан жаў жаман,
Қаршығa қусты хорлаған қәпес бенен аў жаман,
Зилзиладан қулаған зымзия болған таў жаман.
Қудайтала қорғай гөр, апатгың бетин қаратпа!

Қоңыраттың өшпес тарийхы, қулпы тастап уя бар,
Тарийхқа тарийх қосылып, ақыл-ҳууышлар уялар,
Көзлерге сүрме жерлери қулпырған лала гия бар,
Әжинияздың сөзлери теберик ҳәрбир әўладқа!

## ӨМИР БАЯЗЫМ

Уллы ҳәзирети ақун шайырлар бабакаланы,
Сен ҳадал азаматсаң, пүткил инсан меҳрибаны,
Ҳәрбир сәтир қосығында, өмирдиң жалынлы жаны,
Сен сүйген шийрин жаным, Әжиниязым, — өмир баязым!

Ҳадал туўылған жан болдың, сол бир аласапыран заманда,

Ақыллың зинданда жатты, батырың асылды дарға,
Бүгин туўысқан халықлар, сени алғыслар жаҳанға,
Ҳәрбир сөзиң дүрданам, меҳрибан Әжиниязым — өмир баязым!

Зибаның зергерханаң, сөзлериң алтыннан артқан,
Тереқ ақыл, зийрек зейин, бизлерге мийраслар тартқан,
Қәдди-қәўмет, сын-сымбатың, мың-мың Зийўарды оятқан,
Периштемсең, пиримсең, Әжиниязым — өмир баязым!

Қуяштан нурлар шашыраса, сол growing сениң дүрданаңдур,
Кимде-ким ўатанды анам десе, ол сениң мәрданаңдур,
Күн менен ай, жулдызым дәл өзиңдей әрданамдур
Мәңгиге мәрданамсаң Әжиниязым — өмир баязым!

Аспаннан нур жаўды десем, Сениң ҳасыл гәўҳарың екен,
Жигитлер жан жүрегиң, гөззаллар ярың екен,
Агаҳый, Мақтымқул, Бердақ сәрдарың екен,
Сениң тойың халық тойы, меҳрибаным Әжиниязым — өмир баязым!

Ҳәзир де бир басшыға, мыңлаған қосшы болып,
Өзиңе отаў тикти, қаҳарман қурылысшы болып,
Сен ушын тойлар тағамы, бәршеге дусшы болып,
Дүньяға даңқың кетти меҳрибаным Әжиниязым — өмир баязым!



## ОҚЫҢ ДОСЛАР БАЯЗЫМДЫ!

Бүгин басымнан өткердим сексен төрт бәҳәр, жазымды,
Тағы да жаза баслайын, оқың дослар баязымды!

Бабақалан шайырларым баязға басын байлаған,
Поэзия дүрданасын бахз жазыўға сайлаған!

Бул бяз әйием заманнан, айдай ашылған таңнан,
Соңғы жыллар саҳрада қалды, дем алалмай шөлде шаңнан

Хан атлас, жипек шайы, шаңды сыйырып таслап,
Улымыз шайыр Халила баязды жиберди баслап!

Перилер, периштелер тыңлаң ғарры ҳаўазымды,
Сизлерге арнап жазайын жүректеги баязымды

Баязды бәҳәрде оқысаң, ырғалар қызыл гүллер,
Төрт мәўсим талўас егерсең, қысларда сайрар бүлбиллер!

Кимде-ким бяз оқыса, кеўли әлем-аспандадур,
Дәуирден дәрман алыў, ақылы дана дослардандур!

## ЯРДЫҢ АЙТҚАН БАЯЗЫНА

Әй, яранлар яр тутың. көзлери қара келсин!
Қутлы болсын айтып қуўанып, дос, туўысқан, жора келсин!

Ҳәр көргенде мың-мың жаса, өзи дилўар дана келсин!
Қысынды жазға айландырған жалынлы жүрек пана келсин!

Сен мәс болғыл ҳеш қапа болмағыл ҳәр бир заман,
Жүз ярдың кереги жоқ, өзи пәмсиз болса надан!

Көз таслап, таңланып қой, ярыңның жилўа-назына,
Қулағыңның қурышы қансын, ярыңның айтқан баязына!

## ХАЛЫҚТЫҢ КҮН, АЙЫ БАР!

Күйдим-жандым деп бостан-бос, күйдирме де жандырма,
Өз-өзиңнен күйип—писип, түсе берме тандырға
Қыз сынағыш болар сени ҳасла сырың алдырма,
Ҳәр нәрсениң қолайы бар, ҳәр нәрсениң жайы бар.

Мешкей деген жаман нәрсе, жақынласа жаныңа,
Қанаат ет, мийнет пенен тапқан татлы наныңа,
Пал танбасаң қолды урма басқалардың малына,
Ҳәр адамның несип еткен қудай берген пайы бар.

Жырақларда жаның қыйнап Зийўар жүрди зарланып,
Ырза болды дос елине ҳеш жүрген жоқ хорланып,
Ҳеш ўақытта қол жаймады, ҳақлық исти қолланып,
Әжинияздай шыдамлы бол ҳақлықтың күн-айы бар!

## АТА-АНАМЫЗ

Ҳасыл елден ҳасыл дөрер, батыр шығар, мәрт шығар,
Бирақ базда азғын дөреп ел ишине дәрт салар.
Жаман менен жақсыларды дана халық айырар,
Халық бизиң жүрегимиз, қорғанымыз-панамыз!

Ели ушын ерлик еткен бәрҳа айдай көринер,
Қыста досты жылытқан соң кеўли жайдай көринер,
Жүрегинде жалыны бар, жақсы шырай көринер,
Ҳадал жүрек, ҳақ нийетли ер мийрине қанамыз.

Бир жүз жетпис жыл да болды, келди Әжинияз дүньяға,
Ақыллының қәдири артар, қай ўақта да, қайда да,
Халық оған бағышлады барлық жүрген жайда да,
Дәўирлерден дәўирлерге жетти Әжинияз данамыз.

Молла Әжинияз дөрелгенде уллы Қоңырат жеринде,
Шадлық пенен гезип жүрди қәдирдан дос елинде,
Мине бүгин отырыпты ақ отаўдың төринде,
Бәрше-бәрше қутлықлайды бирге ата-анамыз!



## ҚОҢЫРАТТЫҢ ХАЛҚЫНАН

Әжинияздың туўылғаны Қоңырат ели озалдан,
Қоңыратлылар бабам дейди, бабам дейди, өз ағам,
Әжинияздың әўладларын тәрбиялап бул заман,
Қанша талант туўылып-өсти Қоңыраттың халқынан.

„Жүзден-жүйрик, мыңнан-тулпар бәйгиге ат қосайық,
Мың жүйриктиң бири болды Аяпберген Муўсаев,"
Ақ тулпарлар сүриңбегей асқар таўдан асайық,
Кәлемкешлер бүгин шықты Қоңыраттың халқынан.

Сейфилғабит, Әбдираман, Хожахмет жас талант,
Нәжим менен Маратжанлар, пәрўаз әйлер қос қанат,
Асан менен Қарабайлар ели ушын азамат,
Барлығы да қуўат алды Қоңыраттың халқынан.

## КӨРЕГЕН

Батыр, бақсы, алым, артист, жазыўшы бар, шайыр бар,
Әжинияздың, мектебинен дүрлер алған шайырлар,
Елин сүйип, еңбек етип елге еткен қайырлар,
Неше дилўар, дана, Қоңыратта дөреген.

Ашаршылық, әптадалық өтти талай басынан,
Қыдыр ата ғамхор болып айрылмаған қасынан,
Әдеп-икрам, сыйласықты үйрен ғарры-жасынан,
Қоңыратлылар, айрылмады мәнзилинен, өреден.

Барлығы да Әжинияздың дүрданасын оқыған,
Қыз-жаўаны шеберликтен ғалы-гилем тоқыған,
Нақыл менен жаўап айтып жигитлерге топылған,
Ҳеш бир қызы қорққан ханлар төре де емес.

Қоңыраттың қыз-жаўаны сүмбил шашлы, ай жүзли,
Қыпша белли, ақ сийнели, сулыў сымбат от көзли,
Жатық минез, жалын жүрек, мәргия сөзли,
Баспанасы болмаған соң, күн-көриси төледен.

Қыз-жаўаны жанан сүйип, ҳүрметлеген Әжинияз,
Жигит, қызлар ушырасса қосық айтқан хош ҳаўаз,
Қыз жүрегин жалынлатқан муҳаббаттан оқып бааз,
Узақларды болжап шайыр қырағы көз көреген!

## БАБАЛАР

Мәнзил-мәкан өргелип, тауға минсе тау аўып,
Жүректе кегиң қайнаған, қабағыңнан қар жаўып,
Гүнасыз дарға асылып қара көзден қан аўып,
Дослық лебизин бузбай батыр өткен бабалар!

Күшиң бар қолда қурал жоқ, тум-тусқа кетти тармағың,
Үнемде болмай турғанда, балық илмей қармағың,
Темир кисен салынып, искенжеде бармағың,
Ақыбети болғай деп нийет еткен бабалар!

Арғы түбин сорасаң, Маман, Айдос, Ерназар,
Ҳәр бириниң таўсылмас, жаза берсең томы бар,
Бабаның салған жолы бар шенеп пишкен тоны бар,
Қарсы келген жаўларды жексен еткен бабалар.

Бердақ бенен Әжинияз бабаларды мақтаған,
Қырағы күшли қос шайыр, ақыллы сөзин ақлаған,
Келешекти сезгендей, шайырларды сақлаған,
Даңқы бизиң дәўирге жетип келген бабалар.

## ӘЖИНИЯЗДЫҢ ЖҮРГЕН ЖЕРЛЕРИ

Орысият, Орта Азия, сайранлап Қазақ даласын,
Пайыў-пияда жүрсе де көрди Макария, Орынбор
қаласын,

Алатаўды аралады, билип елдиң салт-санасын,
Жол азабы, гөр азабы тарылтты өмирдиң кәрўанын.

Рудакий, Манас, Абай, Мақтымқулы, Наўайы,
Әжинияздың устазлары, өмириниң күни-айы,
Жас ўағынан жигерленип, келер дедиң оқыў қолайы,
Хийўада ғамхор Шеразы менен Махмуд палўаны.

Шыныққан шәкиртлер, талапшаң устаз медреседе
меҳрибан,

Сыйлы салтанатлы, сақыйлыққа мисли Сулайман,
Әжинияз айрықша билим алыў ушын аямады жан,
Әжинияздың жүрегинен жай алды бабалардан мийрас
әлўан-әлўан!



## ШАЙЫР, КОМПОЗИТОР, ҚОСЫҚШЫ

Әжинияз шайырдың қосықларына, Әбдирейим,
Марқабайдың намасы,
Зарланған заманды еске түсирип, көкке жетти
Даўытбайдың наласы,
Қосық пенен нама пәрўаз етеди, айтып елимиздиң
қызы-баласы,
Оны ҳеш, ҳеш заманда ҳеш ўақта қанша зорлық
бенен айырып болмас.

Әжинияздың қосықлары дүрдана, дүрдана керекти
ҳәрбир дәўирге,
Ҳеш ўақытта көзден ушып кетпейди, жанып жоян
болмас түссе ҳәўирге,
Инсан бинә болған күнлерден бери қосық адам менен
жасайды бирге,
Даўытбайдың хош ҳаўазлы намасын бүркит қанатындай,
қайырып болмас,
Композитор Әбдирейим Султанов, дәўирлерден —
дәўирлерди оятты,
Даўытбай, Мырзагүл, Сарсенбай, Мақсет, Әжинияздың
қосықларын жаңлатты,
Әжинияздь заман қайта жасартып, мине бүгин жүз
жетписте таң атты.

## МЫРЗАГҮЛ САПАЕВА

Жан қызым! Жулдыз қызым! Жалынлы жүрегиң
жаҳан,
Өзбекстан өз ағаңды ҳүрметлеп арнады жан,
Кеўилиң кең жүрегиң ҳақ, толқынланып тасты әрман,
Дәўирге дүрдана болдың, дәртлерге дәрман Мырзагүл!

Айттың Әжинияз қосығын, шайыр бабаң „қасыңа келди"
Оның айтқан ақыл-ҳүўшы, қуяштай басыңа келди,
Ақызлы Әжинияз атаң, быйыл жүз жетпис жасына
келди,
Ай киби аштың аспанды, ақызлы әрман Мырзагүл!

Жанлаған сулыў сестиң, саҳра, таўлардан асқанда,
Әжинияздың дүрданасын шаштың туўысқан досларға,

Ҳаўазың пәрўаз етти, Орта Азия, Қазақстанға,
Жүрегиңнен жалт-жулт етти, жалынлы жәўлан
Мырзагүл!

Сары сынлы сулыў қызсаң, айдай ашылган жамалың,
Жети ықлым муз таўын еритти, сәўирдей ескен
самалың,
Саған ай, күн, жулдыз болды, дослықты берген
заманың,
Қарақалпақ қызысаң, кеўилиң аспандай ашық, әлўан-
әлўан Мырзагүл!

## ХАЛЫҚТЫҢ ИШИНДЕ

Әжинияз ақылымды алдың, дәўирге дәстан дөреттиң,
Тағдийрдиң жазғанындай бул дүньяға келдиң-кеттиң,
Мине бүгин қайта дөреп, биз бенен мақсетке жеттиң,
Сен жақты жулдыз болып жайнадың халықтың ишинде!

Бир жүз жетпис жасқа толдың, ана жерде изиң қалды,
Дүрданалар дөреттиң, шийрин шекер сөзиң қалды,
Бәҳәриң ашылды да жайнаған жаз, жемисли гүзиң
қалды,
Сен жақты жулдыз болып жайнадың халықтың ишинде!

Мақтымқулы оқыған Шеразыхан медресеси гуўа,
Журтты излеп, елди таныў өзиңе болды баҳана,
Сеннен кейин көп шайырлар бул нийетти етти даўа,
Сен жақты жулдыздай болып жайнадың халықтың
ишинде!

## БӘҲӘРИҢ КЕРЕК ӘЖИНИЯЗ!

Хорезм көзине теберик, нурлы атқан сәҳәриң,
Билимге қәдем қойдың Хийўа қәдирли шәҳәриң,
Мың жыллап жасасаң да бүгин жайнаған бәҳәриң,
Толықсып, тасқан турмысыңа тирек болдың Әжинияз!

Үш күнлик жолдай еди Қоңырат Хийўаның арасы,
Мәңгиге теберик болды мисли көзиңниң қарасы,
Билимнен емленгендей саўатсыз жүрек жарасы,
Хийўа саған мәдет болды, жүрдиң табанды тиреп
Әжинияз!



Басыңнан өткергенсең, жаўызлықтың зулымларын,
Әдеп-икрам, ҳүрмет бенен көрдиң Хийўа алымларын,
Мийриң қанды көргенде ҳийўаның гөззал қызларын,
Жалынланған жаслық шағың саған жүрек Әжинияз!

Хорезмли, Хийўа халқы болды сениң қәдирданың,
Билим алып баҳаладың өмирдиң жақты жаҳанын,
Медиреседе мақсым қызлар жаныңнан сүйген жананың,
Неше әсир өтсе де бәҳәриң керек Әжинияз!

## ӘЖИНИЯЗ ШАЙЫР КИЯТЫР

Хийўа жол лалазар, бөленген шәмен бағларға,
Көрсең зейниң ашылар, жаз бәҳәр, гүз шағларда,
Буўдан-буўдан көринер Жумыры—Қаратаўлар да,
Асқар таўдан асып түсип Әжинияз шайыр киятыр!

Хийўа медиресеси пирли, устазлар оқыр қуран,
Биргелки мақсым жигитлер ҳамийше дос бир тән бир
жан,
Ҳәр миллеттен қосылса да ҳәммеси ҳадал меҳрибан,
Баўыр басқан дослар менен Әжинияз шайыр киятыр!

Жүзлер жулдыздай жайнап, көзлеринен нурлар
шашқан,
Әптүйектен оқыў баслап, қуранның бетин ашқан,
Хийўада медреседе уламалар ушырасқан,
Хийўадан Қоңыратқа Әжинияз шайыр киятыр!

## ҚЫЗ-ЖИГИТЛЕРГЕ

Кең дүньяның көрер көзи, қорғанысаң адамзат,
Бул дүньяда қуўаныш мол, қайғы деген қабат-қабат,
Деди Әжинияз қайтпас мәрт бол, батыр жүрек азамат,
Әжинияздан тәлим алың жигитлер-қызлар, жаўанлар!

Әжинияз мийрас етип саған қалдырды дүрдана,
Ақыл-ҳуўшыңды жыйна да қосығын алғыл қолыңа,
Ҳәр қосығы жулдыз киби, нурларын шашар жолыңа,
Сизге инам етип тур ҳүрмет, ләззеттен заманлар!

Ақылы пүтин, еси дүзиў боламан деген ерлер,
Сизлерден күтип отыр, ақыллы қәсийет еллер,

Бизиң ана ўатанымыз Әжинияз туўылған жерлер,
Әжинияздың мәдет болсын ғошшақ жигитлер, жананлар!

## ҲАФЫЗ БЕНЕН ӘЖИНИЯЗ!

(Түриклер арасында дилбар екенсең шийрин)
Ҳеш бир жерде теңи жоқ, Қоңырат бенен Қыяттың!
Әжинияз оқыдың Хорезмниң ҳафизин,
Шайырлар шәменинен шийрин жемислер таттың!

Мол болды даналардан алған дүрданаң сениң,
Хорезм меҳрибаның мәрт еди мәрданаң сениң,
Орта—Азия, Қазақстан, Түриклер пәрманаң сениң,
Еркинликти сүйген елди, өзиңе дос деп усаттың!

Дийдарласыў несип болмады, бирақ оқыдың Ҳафызды,
Ҳафыз шайыр мақтады Қоңырат Қыятлы қызды,
Агаҳый Әжиниязға дәм таттырды ҳадал дузды,
Әжинияз қәдириң билди даналар берген заттың!

Дәртиңе дәрманлар таптың ишип көп елдиң дузын,
Балқыдың ишкениңде Қырғыздың сары қымызын,
Айтыстың жандай сүйдиң Қазақтың Меңеш қызын,
Дослыққа таңлар атқай деп туўған елиңди ояттың!

## ҚУТЛЫҚЛАЎ

—Ассалаўма әлейкум! дедиң азамат екенсең баўырым!
—Ўәлейкум ассалам! Сәлем жиберди аўылың!
Базарлыққа алып келдим, Қарақалпақтың шийрин
қаўынын,
Ташкентли туўысқанларың менен тойғанша же, мийриң
қанғанша!

—Бул қыз ким деп сорасыўға турған едим албырап,
—Келинбекен Өзбек қызы көзлери тур жаўдырап,
Қыз бериў, қыз алысыў Өзбек, Қарақалпаққа саўап,
Тарийхлар елеследи анық сорасып қалғанша.

---

Абдулрахыйым Ҳафыз Хоразмий XIV—әсирдиң екинши ярымында XV—әсирдиң биринши ярымында өткен Өзбек әдебиятының классик шайыры.



—Атың ким?
—Әжинияз деп ат қойған екен ата-анам,
Әжинияз уллы шайыр, дәўиримде жанға данам,
—Ол мениң мақтанышым, миллионларға болған
меҳрибан,
Әжиниязды оқыйман, мақтайман соңғы демим қалғанша.

—Мен Ташкентке Соркөл деген ата мәканнан келгенмен
Билим булағына қаныўға, тең дослар менен жүргенмен,
Өзбектиң гөззал қызына жүрек қосып үйленгенмен,
—Кутлы болсын жан улым жырлайын жүзге барғанша!

## ҚЫРЫҚ МИЛЛИОН ҚЫЗЛАРЫМ

Сайынжамал, Сапура, Сәнем, Сапаргүллерим,
Гүлхатийша, Гүлҳасел, Гүлбәҳәр, Гүлистанларым,
Жанар, Жандырар, Жамал, Жақсыбийке, Жамийла
мениң жанларым,
Барлығы маған баўырман, жалынлы жанан қызларым!

Ақшагүл, Ақгүл, Алмагүл, Ақ тилла, Арзыгүл, Арзайым.
Мая, Маруса, Мила, Мина, өсип-өне бер илайым,
Фардана, Фармана, Фарийда, Фаузия, Фазила, Айым,
Бир-биринен зияда, ақылы зийрек, меҳрибан қызларым!

Қызларым қырық миллионнан зият, жүз миллион
жигитим азамат,
Усылар аман болса, ғарры кеўлим ҳәмийше шад,
Барлығы ел перзенти, Әжинияздай ел ушын қуўат!
Дүньяға даңқы кеткен, жүреги жәҳән қызларым!
Әжиниязды жеткереди заманнан заман қызларым!

## ЫҚЛАСЫМ МЕНЕН

Халқымнан қуўат алып, қатарларда жүрсем болар,
Шадлы елде шадлық пенен шадланып күлсем болар,
Ҳәр сөзиң дәўирлер ушын, жақты жәҳән десем болар,
Әжинияз мыңлап миннетдарман меҳрибан халқым
менен!

Әжиниязды заманымның ай, күни десем болар,
Дүрданасы Шәменимниң гүли десем болар,

Шығыста шарқ урған шайырлардың бири десем болар,
Дүньяға жар саламан, дослықтың даңқы менен!

Хаслында ҳәрбир заман—ҳасыл зат сынбас, бүлинбес,
Ҳәр ўақыт ҳасыл алтынның аўырлығы ҳеш билинбес,
Поэзия зергерисең, ҳәрбир адамға берилмес,
Әжинияз мәңги жасайды дермен шын ықласым менен!

## ДУЎА БОЛАР

Бул адам қандай адам—сумлықты асырған адам,
Ҳәмел ушын еки бүкленип, аяққа бас урған адам,
Қуда урған, ант урған, көптен өзин жасырған адам,
Кәсийетсиз, қара бети барщеге гүна болар.

Барлық заман бундайдың изин қыршып таслаған,
Буларды жексен етпесең, тасларға аўыз сала баслаған,
Мен ҳайранман, булардың сырын неге ашпаған,
Ағайин, көз көргенлик деген әдет гүўа болар.

Пайтын тапса батбаттай қызыл қумнан батып келер,
Иши-баўырына кирип, үйлеринде жатып кетер,
Сый-сарпай берсең, сени сыртыңнан сатып кетер,
Сен буны жексен етпесең өмириңе гина болар.

Маман, Айдос, Ерназарлар, усыларды жеңип кеткен,
Тамырына балта урып, шақаларын шаўып кеткен,
Бизиң заман мақтаныўдан жел маядай желип кеткен,
Әжинияздың ҳәрбир сөзи халыққа ҳүрмет-дуўа болар!

## ШАПСАМ ДЕЙМЕН

Әжинияз тасқын булақ, ҳәр заман қайнап турған,
Мөлдир маржан фантанлары жалт-жулт етип ойнап турған,
Ақ булақтан мийри қанып, мың-мың бүлбил сайрап турған,
Әжинияздың дүрданасын көкирегиме тақсам деймен.

Ҳинжи, гаўҳар, якут, алтын Әжинияздың ҳасыл кәни,
Қаҳарман елден дөреген, Қоңыратдур мәнзил-мәканы,



Көзге сүрме, теберик қосық китап саткан дүканы,
Молла Әжиниязға тил тийгизгенде арыслан болып шапсам деймен.

Бул байлық дүньяға тең, толар туўысқанлық тәрези,
Дослыққа дуўры келип тур, жәҳән шайыры десек өзи,
Қарақалпақ халқының ҳешкимнен жоқдур ғәрези,
Әжинияз алтын изиңди жер жүзинен тапсам деймен.

Мусылманлар мәнзилинен, батыстың барлық елинен,
Жер жүзинде жасап турған, адам инсанның елинен,
Жәҳән бағына ексем, Әжинияздың аппақ гүлинен,
Қурашымды қолға алып, арғымағын шапсам деймен.

## БИР ЖАНАН БОЛАР

Қартайғанда қумар болып, ашықлыққа шаўып жүрсең,
Ертең шийрин жаның керек, сен неге аўып жүрсең,
Тапқан тыйыныңды жумсап, бир посаға саўып жүрсең,
Сексен таўдан асып түстиң шийрин жаның керек болар!

Айтқаның дурыс. Жүрегимде бир гөззалдың дәрт-гирти бар,
Сол гиртти алып таслаў, қолымда алтын гилти бар,
Мени күн-түн аңлып жүрген, қызыл қуйрықлы түлки бар,
Мени соннан айырғандай бир жанан керек болар.

Жалғызлық жанға тийди, жүрегим күйер-жанар,
Буған душпаным күлер, бирақ қайғырар дослар,
Мамық жанына жақса, қабырғаңа батар таслар.
Әжинияздың жалғызлығын ядлан, мудам керек болар.

Жалғызлық не қылдырмайды, күни-түн қаныңды сорар,
Қан жуттырған жалғызлыққа қашанға-ша адам шыдар,
Адамзатқа та өлгенше керекдур намыс-ықырар,
Жүрегине жүрек қосқан бир жанан керек болар.

Жасқа да, ғаррыға да керек өмирлик жолдас,
Жалғызлық журт ишинде болар екен өмирге қас,
Теңиңди төрге отырғызып, күни-түн болсаң муңлас,
Басыңа алтын таж болған бир айжамал керек болар.

Сол ўақытта қәдир-қымбатың айтып, шыққым келмес
жайыңнан,
Елли зайып тойға барар, саўлық тилеп қудайынан,
Әй, бенде жарым жолда айрылмағайсаң жубайыңнан,
Бийшара Жолмурзаға бир жанан керек болар!

## ҮЙРЕНИП ҚАЛДЫМ УЯҒА

Алысқа шапқан арғымақ едим, ҳәзир шабыўдан қалдым,
Қыран қус қырғый едим, аңларды алыўдан қалдым,
Баҳадыр палўан едим, гүресте шабыўдан қалдым,
Дәрт салып, дәртимди қозғап, дилбарым мени қыйнама!

Қолыңды көксиңе қойып, мират еттиң жилўа-наздан,
Мазасы да ләбимде тур, ырзаман сол бир жаздан,
Мийримди қандырған едиң, хошдас, хош ҳаўаздан,
Мени алып кетпек болдың, Әжинияз оқыған Хийўаға!

Қызығына қуштар өмирдиң өнерпазы едим,
Қысларда тоңғанлардың жайнаған жазы едим,
Қосық айтсаң қосылып, қуўан678ыштың сазы едим,
Мен бийшара баралмай қалдым, бержақ пенен аржаққа.

Молла Әжинияз ериксиз елден кеткен, узақ жыраққа,
Кетпекши болған екен, теберик етип, шамшыраққа,
Бирақ барыў несип етпей, кеткен өзбек, тәжик, қырғыз,
қазаққа,
Баяғыдай баралмайман, ғарры усап үйренип қалдым
уяға

## КЕТТИМ

Жаслығымда жалынлы едим, ай жүзиңди көргеним
анық,
Әжинияздай ашық болып, жанымды бергеним анық,
Қолыңда дәсте гүлиң бар, қозыдай изиңе ергеним
анық,
Жолыңда қартайттың мени, сексен таўдан өтип кеттим.

Жаным дедим жан бердим, араладық дүнья базарын,
Жаныңа жақынлатпадым, жан қыйнар өмир ҳазарын,
Көзим көзиңде болды, қыя бақпадым нәзарым,
Қартайғанша қайтпадым хызметиңди етип кеттим.



Жақында сыртыңнан көрдим, сенде мендей
қартайыпсаң,
Сағынғаннан маған усап, сен өзиң де сарғайыпсаң,
Суп-сулыў айдай жүзиңе, мыңсанлап ҳәжим салыпсаң,
Ески дәртти қозғамайын дедим дәрриў житип кеттим.

## АШЫҒЫМАН

Жанымдай жақсы көремен, мен Сизди молла Әжинияз,
Мен сени еслесем, қыс күнлерим болады жаз,
Жас әўладтың жаны болды,өзиң жазып кеткен баяз
Заўқы сапа сүрип жүрмен, Зийўарыңның ашығыман!

Бир ярым әсир бурын дүньяға келген баласаң,
Дәўирден дәўирге жеткен, ҳасыл туўылған данасаң,
Әсирлер аспанында жулдыздай мәңги жанасаң,
Дәртиме дәрман берген дийдарыңның ашығыман!

Таныдың,баҳаладың, өмирдиң өртенген дәртли дүньясын,
Сен жайнатып кеттиң, ҳасыл дүрлердиң дүрданасын,
Әўладлар айтар сени мәңгиге заманласым,
Бабақалан, талант, заманыңның ашығыман!

## ӘЖИНИЯЗДЫҢ СӨЗИНДЕ

Баймысаң, патшамысаң, гәдамысаң, ханбысаң,
Жақты жәҳәнда жайнап турған, жалынлы жүрек
жанбысаң,
Әсирден әсирлерге жеткен сен тири адамбысаң,
Дәртсизбен деп мақтанба, ҳәркимниң өзинде дәрт бар.

Дүньяны жалпағынан басқан, Қарынбай, Ҳатамтайлар,
Бағына бағман таяр, қулпы дөнип турған сайлар,
Дүнья малы жәҳәнге сыймай, ҳасылдан үйген таўлар,
Ҳеш ўақыт дүньяға тоймай, бийнесип көзинде бар.

Алтыннан басқа заттың ширип кетер гарти бар,
Бул дүнья дүнья болғанлы, ҳәркимниң бир дәрти бар,
Қайғыға бенде болма,дәртсиз болыўдың шәрти бар,
Мәрт меҳрибан болғыл деген Әжинияздың сөзинде бар.



ИНВЕНТАР № 56719

## ИЗЛЕ!

Халықтың қызық қыссасын, шайыр нағыстай тоқыды
Ақылы дана, дилўар, шешен, Әжинияздың сөзинен изле
Ашықлықтың дәстанын нешше жыл, әсирлер оқыды,
Шайырдың шадлы, шаўкет, дүрдана сөзинен изле!

Муҳаббат ышқы дәртин жанып күйип, тынбай айтқан,
Күн батқанша таң атқанша халықты жыйнап айтқан,
Яр жолында зары-гириян, көз жасын тыймай айтқан,
Ышқыпазлық дәртин шеккен жапалы жаннан изле!

Ғәрип ашық, Омар Ҳайям, Мажнүн болған Машрәб,
Ақ гүришке зар болып, базарға барып мәш алып,
Мурты, сақалын қойып, басынан ақ шаш алып,
Керме қас, сүмбил шашлы жананнан изле!

Айжамалы нурдай болып, көзлеринен ушқын атқан,
Жүрегине дәртлер салып, уйқыдан сени оятқан,
Жилўа-назлы ойын менен жигитлерге қасын қаққан,
Жаныңа жан қосайын десең, Беруний қызынан изле!

Бир кесе көк шай берип, жанына жанын қосқан,
Дослық тойларында гүллала болып ушырасқан;
Жүзлери қызғыш дөнип, мийман келсе қушақ ашқан,
Қызлардың саркардасын Шымбайдың гөззалынан изле!

Кең қушақ, ақ сийнели, ақ билек, алтын қоллардан,
Айжүзли, қойыў шашлы, мийнетте мәрданалардан,
Жалынлы жүрекли, жүзиңе қал жарасқанлардан,
Қоңырат, Хожели қызларының хош ҳаўазынан изле!

Қарақалпақ деген еркин ел, дослар мәканы,
Бир ана бир атадан туўылғандай жүрек жаны,
Мәңгиге бирге жасайды, нур берген жақты жәҳәны,
Бирлик бенен баўыр басқан, дослар сазынан изле!

Әжинияздай ақыллы дана, шадлы шаўкетли шайыры бар
Дүнья қазнасына қосқан, алтын қолдан қайыры бар,
Әжинияз қосық жазып кеткен, Зухра менен Тайыры бар
Төрт жүз жыл жасаған елдиң, тамырынан изле!



## БЕРДИМ

Ақ бармағың менен сыйпап, басыма ақ гүл тағып
кеттиң;
Ақырын адым басып келсеңде жулдыздай ағып кеттиң,
Дәрманымды алдында, жүрегимди жағып кеттиң,
Әжиниязым келер деп айдын жолға қарай бердим.

Қаштыңба түсинбедим, қанбақтай қаңдекте қалдым,
Кеўлим ғамлы, көзим жаслы, дәрт бенен ғәпилетте
қалдым,
Мен дәртли бийшара заманыма түсинбей дәртте қалдым,
Көзлерим шығып кетежазлады, ернимди жалай бердим.

Көп жыллар өтип кетти, изиңе бир қарамадың,
Бир рет дуз татқанға қырық күн сәлем сорамадың,
Әжинияздай боламан деп, аққағазды қараладым,
Әжинияз келегоймады, мен ҳәр кимнен сорай бердим.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ДЕГЕН ХАЛЫҚТЫ!

Кимде-кимлер данаман деп өзин бәлент санаса,
Ең әўели айыра билсин дос-душпанның арасын!
Жақсылыққа жанын берип досқа шыннан қараса,
Өзиненде артық көрип, ҳақ кеўилден қарасын!
Бир күнлери бахты тайып, қара таўдан қуласа,
Ҳақыйқый дос жазар болсын, қаны аққан жарасын!
Ҳәмел барда ҳәдден асып, ақ маңлайын сыласа
Түсип қалса, көрсетбеўге, бекитбесин қарасын!
Ҳақыйқый дос өзгермейди, намыс бенен сыйласа,
Сексен, тоқсан, жүз жастада, ҳүрметлейди жорасын!
Егер ҳәрким ҳадал халықтан жақсыларды сайласа,
Алтын томнан ақтарсыңда тарийхлардан сорасын!
Қарақалпақ деген халықтың өмир заңын ойласа,
Дослар ушын ашып берген көмип қойған урасын!
Әжинияз шайырымыз сол халықтан дөреген,
Мийрас етип шашып кеткен дүрданалар данасын!

## ЖАЛЫНБАДЫМ!

Мың айдың жүзин көрген көзлерим нурлы екен,
Қайғының қанлы дәрти, қырық мың түрли қырлы екен,

Сахраның сайранлары сан мың түрли сырлы екен,
Кең дүньяның көксинде көргенимнен жаңылмадым.

Ақылым басшы, жүрек солдат, ел исине мен жарадым,
Жаздың күни қысты ойлап, ошаққа сазақ қаладым,
Мийримли муҳаббатым Әжинияз баба кәланым,
Жыл сайын жуқармадым, күш қосып қалыңландым!

Ҳақ дүньяның соқбағынан айдын жолға салды мени,
Арзыў-әрман ашығындай қушағына алды мени,
Ўа-дарыйға, ўа-дарыйғ, изден қуўған қалды мени,
Мени жаман көргенлерге ҳеш ўақытта жалынбадым.

Қолларымды қайырып, қыялымды қырқып кетти,
Сексен төрт таўдан асырып, димарымды қуртып кетти,
Өзимди жолда қалдырып, арғымағым жортып кетти,
Пайыў пияда қалсамда, жолларда жәбирленбедим,

Арғымағым алдым еди, әсирлер тилегим мениң,
Өмир қызық, турмыс тыныш, бул бахыт тирегим мениң,
Жүзге шекем өшпесин жалынлы жүрегим мениң,
Әжинияздай ақылы дана мен бабамнан айырылмадым.

## МАЖНУН БОЛДЫМ

Шәмен бағлар ишинде, бир пәрий көринип қалды,
Жайнаған жаўдыр көзден, жүрегиме дәртлер салды,
Қоңыраттың қәлем қаслы, қызлары жан алды,
Тап усы мәҳелден баслап естен айрылып Мажнун
болдым.

Ай жүзли арыў екен, сол замат мисли уйқыдан оятты,
Сол күннен баслап мың мәртебе келип көрдим
Қоңыратты,
Дүньяда көрмегең едим бундай сулыў перийзатты,
Ақыл-ҳуўшымнан айрылып мен бийшара Мажнун болдым.

Әжинияздың ашықлығы, тап мени орап алды,
Базда елге қайтсамда, жүрегим бунда қалды,
Әжинияздың баязы жүректе ядда қалды,
Жолында паяндоз болдым, Ләйлиге Мажнун болдым.



## ҚАЛДЫМ!

Ташкентке тойға келдим, ақыллы даналар менен,
Ул, қызым, ақлық, шаўлық, батыр балалар менен,
Шәмен гүлдей қулпырған гүл лалалар менен,
Шадлы-шәўкет, шады-қуррам, қайтадан жасарып қалдым.

Туўысқан болғаны ушын, қулашын кеңнен ашып,
Ташкентлилер мийри қанды, талантлы өнерге ушырасып
Баўыр басқан дослық бенен ҳүрметлеп гүллер шашып,
Заўқы-сапа сүрдим, сайранлап илҳам алдым.

Көп бенен қол шаппатлап, шадлыққа сайран етип,
Қоңырат қызы қуўанып, жүрегин жәўлан етип,
Әжинияз қосықлары Өзбек бағын сайран етип,
Аңызлы ашықларды сүйип, шадлы қуўанып қалдым.

## ҚАРАҚАЛПАҒЫМ!

Бизди ҳешким билмейди деп ғамгүн болмағыл ҳасла,
Ҳәзир сениң даңқың дүньяға кетти Қарақалпағым!
Бирлигинди бузба, Ҳәмелге ҳеш ўақ таласпа,
Бир-биреўге сумлық қылыў басына жетти Қарақалпағым!

„Жаў жағадан алғанда, ийт етектен алады" даналық
нақыл,
Бул саған жоллама, айны ма дөнбе, бабаңнан қалған
ақыл,
Әдил бол, ақыллы бол, халық ушын хызметлер қыл,
Әйемнен мийнеткеш халықсаң, баўырман Қарақалпағым!

Ар-намыс ана сүти менен жүрегиңе жайғасқан,
Мәртиў-мәрданалық, ақылың булақтай тасқан,
Алдаў-арбаў қанында жоқ, ҳадаллық мәңги уласқан.
Қатара қоныс басқан қаҳарман халықсаң Қарақалпағым!

Топырағың теберик деп өткен Әжинияз жасаған аман,
Сен қайда болсаң, мен сонд аман, жердемен,
аспаныңдаман,
Туўылған ана жерим мен сениң дәргайыңдаман,
Әжинияздай ақыллы перзентлериң—қорғаным
Қарақалпағым!

## БАРАР

Арзыў-әрман, мақсет-мурат, бул өмирдиң ғәзийнеси,
Бул ғәзийне, бир инсанның жүректеги нышанасы,
Ғәзийне хеш таўсылмас, дәўлет-ырысқы үнем,
Ҳадал мийнет, ҳақлық жүрек сени соған алып барар!

Адам инсан бина болып, ҳақлық бенен ҳаўжар айтқан,
Тилегимди берегөр деп, қудаға яр-яр айтқан,
Молла Әжинияз жүректен жырлап, қосығында қумар айтқан,
Арзыў-әрман, мақсет-мурат, таў-тоғайды жарып барар!

Базда тоқсаң, базда ашсаң табылмас ырысқы дәнеси,
Бахытлы-бахытсыз болыўдың ҳәрқыйлы болар бәнеси,
Турмыстың таўын жаздырсаң, гезлесер жала бәлеси,
Арсыз апат, адамға жаў, аяғыңнан шалып барар!

Дүнья кең, ырысқы мол, ақыл-ҳуш, қуўат-күш сенде,
Лепсиңе шабандоз болып, ҳарам дүньяға болмағыл бенде,
Адам болсаң, ар-намысты жоғалтбай сақлағыл тәнде,
Дүньяның машқулы қайғы-матам салып барар!

Аспаны-замийнге адам инсан нурларын шашқан,
Өмир кәрўанын тартып, саҳрадан саррас жол ашқан,
Әжинияз ҳақлықты қоллап, нурлар жамылған, қушқан,
Баўыр басқан аўыз бирлик, уллы жолдан алып барар!

## АЙРАЛЫҚ

Айралықтың ашшы дәрти, адамды зәҳәрлер турар,
Төрден есикке телмиртип, жүрегиңе ништер урар,
Қәўметиңди қайғыға бөлеп, матам мәканын қурар,
Қәўметиңди қулатып, ериксиз айдар айралық.

Өмириңди өртке бөлеп, елиңе от салып кетер,
Жаманның аяғы сегиз, бир аяғы шалып кетер,
Айралықтың дәрти жаман дәрманыңды алып кетер,
Адамзаттың жаўы болып, жаныңды алар айралық.

Айралықтың оты жаман, мәнзил- мәканыңды жағар,
Бахтыңды бөлип таслап, дәрьяң терисине ағар,



Айдарҳалар ысқырып, шуғыл шаянлар шағар,
Мама журтың, ата-мәканнан сени айырар айралық.

Молла Әжиниязды мажнүн етип, матам пердесин жаўып
Ериксиз зорлық етип, еркин, еллерин шаўып,
Посқан ел атандырып, ярым жолда жүги аўып,
Аласапыран апат келтирип, елди қаңғыртар айралық.

## ҲАЎАЗ!

Қартайғанда қосық айтсам, қара көкирек күлер маған,
Ҳаслында ақыллы адамлар, алғыс айтып билер маған,
Кеўили ашық ҳадал жүрек, қызығыўдан келер маған,
Жақты дуньяда жаңламасам қайларда жаңлар ҳаўазым!

Қартайғанда қосық айтыў деп сөзлерин сапырған,
Олар билсин жүргениң жоқ, шаң шығарып тақырдан,
Қарақалпақ саҳраның бүлбили деп лап урған,
Буны билген адамларға жағар мениң ҳаўазым!

Жийен жыраў„Посқан ел„ деп жанып өткен заманда,
Күнхожада лапыз бенен қосық айтқан думанда,
Бердақ бенен молла Әжинияз турсадағы қамалда,
Барлығыда қосықларын айтқан жанлы ҳаўазда.

Бабақалан шайырлардан қосық айтыў қалмаған,
Аяпберген, Аббаз, Садық қысса жолын қоллаған,
Қартайғанда қосық айтың деп мени неге қорлаған,
Жақты дүньяда жаңламаса қайларда жаңлар ҳаўазым.

Олар жазған қосықларын саз даўысқа салып айтқан.
Мереке, мәжлис тойларда таң атқанша қалып айтқан.
Жүректиң тарын жаңлатып халықтың кеўлин алып айтқан
Жаңа заман жақсы көрер баҳалап шыққан ҳаўазың!

## ДҮНЬЯДА

Ырзаман излеп келипсең, жолларыңда еди көзим,
Ашылған айдай болып маған көринди жүзиң,
Сағынғаннан Зийўар болып сарғайып қалдым өзим,
Мени излер периштем бар екен жақты дүньяда.

Жалғызлықтың жазалары жанымды жандырды мениң,
Әжинияздай узақта қалып, қайғы алды ацымды мениң,
Думанлар тодаланып таңымды жасырды мениң,
Әй периштем излеп келдиң мен ырзаман дүньяға!

Сениңдей болса еди барлық жигиттиң сүйгени,
Сен дәрман бердиң кетти жүректиң күйгени,
Мәртебе болса керек, ләблердиң ләбке тийгени,
Жүз жаста да келгейсең аман-саў болғыл дүньяда,
Палапандай бирге болсам, сениң менен бир уяда.

## ДҮЗДЕ ҚАЛАР

Дослардыңнан ўаз кешип, ишинде анда, шенде болсаң,
Алтынды аспанға үйип, ҳәмийше кенде болсаң,
Саўлықта сайран етбей, сумлыққа бенде болсаң,
Сумлығың басыңа жетип, жалғыз басың дүзде қалар!

Адамзат бина болғалы, биреў жарлы, биреўлер бай,
Биреўлер ҳадал жүрек, биреўлер өзинше „кудай",
Бүгин шалқып аққан дәрья, суўы қурып болғанда сай,
Дәрья деген аты қалып, тек сүлдери көзде қалар!

Аўыр мийнетке муңайма, тәрдийринди ҳақлық шешер,
Аспан аласапыран болса, қойыў қара булт та көшер,
„Жылай-жылай жап қазғанлар, күле-күле суўлар ишер"
Қызыллаған қырманларың кәрўан дүзип, гүзде қалар!



Халқыңа қорған болып сапласаң жүректиң дағын,
Шөлистанды шәҳәр етип, ексең лалазар бағын,
Әсирлерге гүўа етип, Әжинияздай айтқан ҳағын,
Ҳешбир өшпес қулпы тастай, атың тарийх, сөзде қалар!

## ЖУЛДЫЗ БАРМА ЕКЕН?

Шәмензарда шадықуррам айдай жүзлерим өзиң,
Сайран етип барғанымда, қосық айтқан сөзлерим өзиң,
Әжинияз баязын оқыған, жаўдыр ада көзлерим өзиң,
Сарўи бойлы, сулыў-сымбат өзиңдей бир қыз барма екен?

Кус базары қурып қалды, туўлап тасқан толқын қайда,
Аққуў, ғаз, үйрек, тырна, көллеринен болды айра,
Дүркин-дүркин мал жайылған, қыр қойнында жазлаў жайда,
Қарасам көринбейди, көллерде қундыз барма екен!

Елден жыйнаң дүрдананы, аспанның түңлигин ашқан,
Ҳәр сөзи ай, күн болып, қараңғыға сәуле шашқан'
Қосықлары қуўат берген, қүдиретлер алып қуяштан,
Бабакалан Әжиниязға мегзеген жулдыз барма екен?!

## ЖОҚ!..

Билмедим қайда кетти, қартайып жоғалтып алдым,
Айралық саўдасына түсип, арыўдай айрылып қалдым,
Жети әлем жер жүзин, асқар аспаннан шарладым,
Жан берип жүрек қосар енди маған жананым жоқ.

Қайғы-дәрти қара тастай, қәддимди қаплады кетти,
Жүректиң аҳыў-зарын жаңғыртып жәҳәнға жетти,
Жаныма жанын қосқан, жаўдыр көзлер қайда кетти,
Тотыдай таңға жарасқан, енди маған гөззалханым жоқ.

Сахра, дала, шөлистанлар шалғайымнан шалып қалды,
Асқар таўдың адырлары ат туяғын алып қалды,
Жапа шеккен жүрегиме уллы дәртлер салып қалды,
Енди маған қумар болған қаракөз қумарханым жоқ.

Қылўасы қуўандырған, жилўасы жанымды алған,
Ләблеринде шийрин-шекер, жүреги ҳақ, емес жалған,

Бул әдет оған сиңген Әжинияздың Зийўарынан,
Әжинияз пайғамбарым, умытсам ҳеш жаҳаным жоқ.

## АГАҲИЙ МЕНЕН ӘЖИНИЯЗ

Агаҳийден Әжинияз он үш жас еди кишкентай,
Заманға сәйкес келди, ақыл-ҳуўшы болған соң сай,
Бири күн, биреўи ай, жулдыздай мәңги жайнай,
Қолларынан түсбес еди инсанлар сүйген қураны.

Бир-бирине бас ийди ҳақыйқат қоллар қазыдай,
Елине ҳүрметли болды Мәккеге барған ҳажыдай,
Арзыў-әрманы қосылды дуўтардың еки тарындай,
Әжиниязға сүрен болды, Агаҳий тутқан ураны!

Агаҳий Хорезмли Қыят, Әжинияз Қоңыратлы Қыят,
Екеўи егиз перзенттей, мақсет-мураты емес жат,
Миллионға мийрас қалдырған, Теберик қылды адамзат,
Пәрўаз етти талмас қанат, әсирлердиң алғыр қыраны!

## ҚЫЯТ—ҚОҢЫРАТТЫҢ ҚЫЗЫСАҢ

„Түрклердиң арасында" сен бир дилбарсаң гөззал,
Қыят—Қоңыраттың қызысаң, ҳәммелерди етесең лал,
Жәҳән сулыўларын тәрк еттиң, жүзиң айжамал,
Агаҳий аңыз еткен Қыят—Қоңыраттың қызысаң!

Ең әўел Наўайы сени ертеклердей елге жайды,
Ҳүсни-жамалыңды көрип, мегзетти нурланған айды,
Қыз минезли әдеп-икрамың ҳәр бир инсанға унайды,
Халық ишинде қысса болған Қыят—Қоңыраттың
қызысаң!

Дүньяда ҳасыл дейди, алтын, гаўҳар, ҳинжи тасты,
Сениң даңқың дүньяға тарап, әсир әсирге уласты,
Наўайы, Агаҳийден, устазлық Әжиниязға ушласты,
Тарийх томларына түскен Қыят—Қоңыраттың қызысаң!

## ЯДЫМДАДУР

Сексен таўдың үш асқарын асып түскеним рас,
Тар жол тайғақ көшелерде толқынды кешкеним рас,



Не бир гөззал жанан менен шарап ишкеним рас,
Қыз қасында қызарып, қуўанғаным ядымдадур.

Тойға келер сулыў қызлар бадам қабақ жәўдир көзлер,
Гәҳи жанды жағып кетер, гәҳи жанды жаққан сөзлер,
Өз-ара қызға таласып, тумсыққа муш тийген гезлер,
Талай-талай тартысларда қызғанларым ядымдадур.

Қыран қустай ушып-қонып, қыр менен ойды көрип,
Әжинияздай ел аралап, талай қызық тойды көрип,
Шәмен бағда гөззалларға дәсте-дәсте гүллер берип,
Ойнап-күлип жүргенлерим қартайғанда ядымдадур.

Сабақтан жүрип келип, шайыр жолын излегеним,
Алдымнан айдай көринди, бар әрманды гөзлегеним,
Қартайғанда Әжинияздай шайырлықты сезбегеним,
Неге бундай болды деген аўыр ойлар ядымдадур!

## ИНАМ ЕТТИ ӘЖИНИЯЗ

Зия-зулпыңды көрип, заўқы-сапа сайранман,
Сендей сулыў болар екен, бул дүньяда ҳайранман,
Кел пәрий тиллесейик, бағы-бақша жайлардаман,
Иззет-ҳүрмет, муҳаббатты үйретип кетти Әжинияз!

Көзлериңде ушқын бар, мың-мың жүректи жандырған,
Сүйиўге сүйдириўге бурыннан жоллар қалдырған,
Интизарлық қолды байлап, қара көзлерди талдырған,
Сизиңдей сулыўларды мунтала етти Әжинияз!

Әжинияз ийманлы адам басқан жериниң бәри гүл,
Дәртине даўа тапқандай ҳәрбир қосығы дәригүл,
Шадлы-шәўкетли шараплар иштирди Шәригүл,
Ҳүрмет-ләззетти бизлерге инам етти Әжинияз!

## ҚУЎАНЫШ ҚОЙНЫНА СЫЙМАС

Қуўаныш қойныма сыймас еситип, ышқы хабарын,
Түнлерде уйқым қашты, жоғалған кеўил карарым,
Ең соңғы демге шекем саған арналды жаным,
Көзлериме сүрме болды ҳәр басқан изиң Әжинияз!

Сен десем жыбырлайды қуўанар қабағым тартып
Ҳадал кеўил, ҳақ нийет, күни-түн мени оятып,
Сен ушын ырзаман өзим, жатсамда музларға батып,
Мени суўықтан қутқарар, бәҳәрин, гүзиң Әжинияз!

Дәўирге жетиў ушын сениң дийдарың керек,
Дәртиме даўа берер, қосығың-дәрманың керек,
Әсирлерден асып келген ҳақ тилек әрманың керек,
Жердиң жүзин жайнатсын жақты жулдызың Әжинияз!

## ЗАМАН КЕЛДИ

Дәўирге дәрман берди узақ жасаған даналар,
Қопарылмас қорған болды даналар салған паналар.
Өшпес от, сөнбес жулдыз, инсан ақылынан жаралар.
Айдай ашық, күндей күлген, быйыл мәканға жаз келди.

Пырлаған палапандай, ўа дарыйға деген жанлар,
Асқар таўдан асаман леп урысларда төккен қанлар,
Ақыллы аяқ асты, елди бийлеген жаманлар,
Ярым жолда жаўыз талап, өртенип, жанған кәрўанлар,
Әсирлер наласынан зары-гирян бир зар келди.

Өмир гәрдиши жаман, қанлар ағызған заманлар,
Ақыллы аяқ асты, елди бийлеген жаманлар,
Әсирлерге из қалдырған ақыллы, дана бабалар,
Бир жүз жетпис жыл жасаған елиме Ҳажынияз келди.

Паяндоз болып, бөле, айдын ашық жолларыңды,
Ийбе етип, басты ийип, көксине қой қолларыңды,
Кийиндир тойға жибер, қыз-жаўанды, улларыңды,
Бир жүз жетпис жаслық тойға, қошәдеслерден саз
келди.

Дүньяға ләрзем берди аҳыў-зарының наласы,
Тыңлады, Қазақ, Қырғыз, Түркмен, Өзбек баласы,
Сен өзиң шайырлардың ақыллы, йошлы данасы,
Бозатаў деп бозлаған, арзыў-әрман зарың келди.

Ықтыяр ырқын бермей, туўып-өскен жерден безип,
Жасынан айралықта, Хийўа, Бухара шөлди гезип,
Қызмецештей гөззалдың жаны жүрегин сезип,
Гөззаллық дүньясын сүйген, гүл дала гүлзарың келди.



Дәўириме жеткерип мийрас еттиң Дилбарыңды,
Жүректен тислап кеттиң, ел сүйсин деп Дилбарыңды,
Жолмурза жалғыз қалма деп сыйладың Гөззалыңды,
Заўқы-сапа әйлегил деп зийнетли Зийўарым келди.

Ҳажынияз ахун десем аспан айға жетер көзим,
Аспаны әлемди айланып жулдыз болып жанар жүзиң,
Ай, күн болып жайнар турар, жазып кеткен ҳасыл
гезиң,
Сени қайға дөретип нурлы дәўран—заман келди.

## НАЎАЙЫ—ПОЭЗИЯ БУЛАҒЫ

### ЖӘЎЛАНЫ БОЛ!

Бир туўып мың жасаған—мың әсирге гүўа болар,
Әсирлерден азамат болып өтпесең гүна болар,
Егерде ғәплетте қалсаң, өмириң ғул-ғула болар,
Ақыл-ҳуўшың терең болса, узақ жаса Наўайы бол!

Мың жыллар, мың әсирди ядқа алсам сен таңланба,
Сондай ақыллы даналар болған, нурларын шашқан
таңларға,
Ҳәмийше жаңлап турар, мисли усап дуўтар-тарларға,
Зейни-өткир, ақылың-зийрек, узақты гөзле Наўайы бол!

Нур деген сөз, ай күн болып, жулдыздай жасап
жайнаған,
Сол нурды бахытым деп пүткил инсанлар ойлаған,
Жәҳәнде ҳадал инсанның сана-сезимин жайлаған,
Ер болсаң елиңди сүйип қыз болсаң халықтың жананы
бол!

Бес жүз елиў жыл жасаған, жас әўладқа жолдас
болған,
Меҳрибан-мәдаткарым, миллионларға муңлас болған,
Мың жыллар жасасада, ҳәмийше мәңги жас болған,
Наўайыдай халықты сүйген жаңа елдиң жәўланы бол!

## ЯР БОЛДЫҢ

Қасы қара, көзи нилдей, жупқа додақ, жипек шаш,
Үшинен туўылған айдай, айжамалы нурлы қуяш,

Естен таныл қалсамдағы, бир қара перденди аш,
Эй жанан мен өзиңе күни-түни қумар болдым!

Жылўа-назда мыйық тартып, алдымнан өтсең ырзаман,
Дәртиме даўа таўып, бир карап кетсең ырзаман,
Жанымды жәннет ишинде бир жансар етсең ырзаман,
Шаҳла көз жанан екенсең, сөзиңе интизар болдым!

Бетте әжим, баста ақ гүл, бирақ кеўиллер қартаймас,
Тоғай тозар, таў уиталар, бирақ кемимес алтын тас,
Наўайы гәззел жазып, муҳаббатқа болған жолдас,
Қартайып сени жоғалттым, изиңе интизар болдым.

Қартайдым көп жылай берме муҳаббат жағында бол,
Бул дүньяға шүкир ет те, шағла жастың жағында бол,
Гөззалыңды жоғалтсаң Наўайының бағында бол,
Жолмурза жүз үгирме, сен де қызларға яр болдың.

## КЕЛДИМ

Таңға шерик туўысқаным, Төрткүл бурынғы бас қалам,
Билим булағын ашып, оқытты мисли ата-анам,
Бес жүз елиў жасқа шығып алып келди Наўайы бабам,
Туўысқан Төрткүлли дослар, сизлерди сағынып келдим.

Мисли мәңги жазылып тур, Төрткүлдиң туўысқан аты,
Төрткүлден сайлап алдым, Төрткүл қызы—перийзатты,
Қуўатқа-қуўат бағышлар, шайыр қызлардың қосық хаты,
Дәрман берген дәстүрине ҳәмийше бағынып келдим!

Мәңги бәҳәр қуяш шашты, баўырман баба журтым,
Шәмен бағларға бөленип, қулпырып тур дала журтым,
Мың жыллар жасасаң да, сен бүгин бала журтым,
Наўайының алтын сөзин гәўҳардай тағынып келдим.

Наўайыға арнап бүгин ақ отаў, ақ сарай қурып,
Сексен жасар азаматбан, бедеўимниң басын бурып,
Төрткүлим туўысқан ел, пүткил жаҳанға жар урып,
Жасымнан дәрман берген дийдарына қанып келдим.

Баўырман ата, ана пүткил ҳадал инсанына,
Бас ийип қушақ ашып. жанымды қосып жаныңа



Жүректи жалынлатқан Наўайының гөззалына,
Қартайсам да ашық болып, жулдыз киби жанып келдим.

## МУҲАББАТТАН!

Сум әжел саған келип тамырыңды жулғанында,
Суўларың суўып қалар, қайнаған қумғанында,
Муҳаббат бирге өлер, мәңги көзди жумғанында,
Көз ашық, кеўил ашық, қол үзбе муҳәббаттан.

Муҳаббат ҳәзликке бай, узақ жүрсең мийриң қанып,
Базда ҳәзлик, базда жалын кетпегил отқа жанып,
Өмириңе ойран салар әўеле алмасаң таныл,
Жан берер жананлар жоқ, саған өзге Муҳаббаттан!

Муҳаббат жанған жалын, ҳаслында өшпес ушқын,
Жүз жаста да жалынға түс, өшпесин сениң ышқың,
Ақырет азап берип, демиңе қалса үш күн,
Қанлы ништер суғылса да гүдер узбе Муҳаббаттан.

Ҳақ нийет, ҳадал жүрек, муҳаббат деп туўылған сен,
Әсирлер әлеминде сым арқансаң буўылған сен,
Муҳаббат мәңги жаслық, сатқын болып бурылма сен,
Мәрт болып Наўайыдай ҳасла без бе Муҳаббаттан.

## БИР БАЯЗ ЖАЗАЛМАДЫМ!

Қайғырып қапа боламан, қартайдым мен, ҳеш жоқ шарам,
Жайнаған жүрегимди гәплеттен басқандай шаң,
Түни менен тыпыршыйман, толғансамда атпайды таң,
Сүйгеним саған арнап бир баяз да жазалмадым.

Ҳақ кеўил, ҳадал жүрек, айдын жол қосты бизди,
Өмирдиң жаўы болған сум әжел тосты бизди,
Басымыздан өткердик нешше бәҳәр, жаз ҳәм гүзди,
Сүйгеним саған арнап баяз да жазалмадым.

Бәлки маған керек емес шығар дедиң қосық арнаў,
Мүмкин усы тилегиң, тосқынлықта қалдырған таў,
Мезгилсиз гүлдей солдың, ул, қыз, ақлық, шаўлығың саў,
Сүйгеним кешир мени бир баяз да жазалмадым.

Қартайдым, қайғы басты, сексеннен өтти жасым,
Жалғызлықта жылап қалдым, жалынға өртенди басым,
Қымбатлы едиң, қәдириң өтти, мәңгиге сүйген
мунласым,
Дәрман кетип, дәрт толып бир баяз да жазалмадым.

Қара түн, қара думан, мен жоллардан өте алмадым,
Изиңнең зарлап жылап, жуўырсам да жете алмадым,
Нәмәртлик ғәплети басты, бирге ерип кете алмадым,
Зары-гирян болып жүрмен, мен өмирден жазаландым,
Жүрегимде мәңги турсаң хош бол, баяз жазалмадым!

## ӘРМАН АНТЫ

Сексен еки жасқа кеттим, асқар таўдан асып түсип,
Түни менен шыра өшпей, таң атқанда қабақ исип,
Жан досларым жаслардайман, сизлер менен паллар
ишип,
Дәўириме дәрман берген ырза болдым заманыма.

Ақ сүт берген анам яңлы, ырысқы үнем болды жерден,
Өмириме алған өрнек, ада болмас алған елден,
Ақыл-ҳуўышты оқыганман, дана алым, батыр ерден,
Өмир университети сана-сезим қосты ғәрип жаныма.

Ҳақ жүрек ҳалал, ҳадал мийнет пал қосар өмириңе,
Өмирди баҳалай билсең, мәңги жасайсаң бирге,
Парахор, уры-гәззап ҳасла бастырмас өрге,
Мың-мың мәртебе нәлет болсын жаўызлардың
наданына!

Өзи пәк, жүреги пәк, кеўили ақ азаматқа,
Арнап қосық жазып қалдырса арзыйды қулпы тасқа,
Ең соңғы демим қалғанша миннетдарман адамзатқа,
Өмир бойы басыңды қос адамлардың адамына!

Туўылған ана жерди пүткил жаўлардан сақлайман,
Күшимди, ақыл-ҳуўшымды турмыста толық тақлайман,
Бир қасық қаным қалғанша елимниң дузын ақлайман,
Қуўанып, шадланаман, ел-халқымның аманына!



## НАЎАЙЫНЫҢ БУЛАҒЫНАН

Ғаррылық бирде қайғы, бирде қайғы жапа екен,
Өмирдиң басы булақ, кейини қурғақ қапа екен,

Қапалық деген матам, ақыры әжел, өлим екен,
Ойын, күлки, заўқы-сапа, бул ялғаншы өмир екен.

Шүкирмен әжел, өлим, ҳәзирше аўлақта жүр,
Жән-жағымнан жалын ағып, жалғыз жанды алмақта
жүр.

Ибилис шайтан—сум әжел, жолдан шығарман мени,
Сум әжел шаян болып, бир күни шағар мени.

Ҳәммесин сақлағандай бәрҳа яратқан тәңирим мениң,
Эй, қуда бендең болдым, маған өмир ҳәмириң сениң.

Адам ушын алыс-берис мақсет-муратым болды,
Адамлар менен қатнастым таўып алдым айдын жолды.

Мен көрдим исим түсти жақсығада, жаманғада,
Мийрим-шәпәәт алдым, менде бердим адамларға.

Базда қалың қопалықтан доңызлар шықты дүркиреп,
Келгенин келгендей аттым, олар қашты гүркиреп.

Таўға өрмелеп шығар болсам асқар шыңның төбесине,
Дағ салғанын көрдим ердиң қәдди-қәўмет денесине,

Тапжылмастан өрге тарттым, өмирдиң кемесинде,
Дәртимнен даўа таптым, ердиң дағлы денесине.

Жазылды ишип рухый азықтан даўалы дәрисин,
Халықты жыйнап той берди ер, шақырып сақый
дәрўишин.

Жаўланы болдым жасаған еркин елдиң мәканына,
Узақ жыл түспегеймен сум әжелдиң матамына.

Ырзаман нурлы жәҳән шырағына, жасағайман,
Миллионлардай мийрим қанды Наўайының булағынан!

## ХАЛҚЫМ СЕНИ ДАҢҚҚА БӨЛЕГЕН ДЕЙМЕН!

*(Қарақалпақ Совет әдебиятының классиги Аяпберген Муўса улының 100 жасқа толған мерекесине)*

Ҳасыл ирең өшпес қанша жуўса да,
Тулпарлар тутқырмас қанша қуўса да,
Саркоп елатында гедей Муўсаға—
Аяпберген—перзент дөреген деймен!

Бабаң өтседағы ерик табалмай,
Сен қәдирли болдың нурланған таңдай,
Сөзлериң тарийхтың алтын томындай,
Сақаны алшыға үлеген деймен!

Қосықларға қосып елдиң кестесин,
Түнекте көтердиң шырақ ҳәстесин,
Өзиң дүзеткендей дуўтар дәстесин,
Өмирдиң өнерин гүреген деймен.

Көз жиберип таўдың канарасынан,
Көрип не өткенин елдиң басынан,
Қосық жазып қаршадайын басынан,
Ықласың ҳақлықты тилеген деймен!

Қаршығадай көзди таслап қияға,
Елден еллер гезип пайыў-пияда,
Ақ отаўлар тигип поэзияға,
Алтын шаңарақ, гүмис кереген деймен!

Жүзден жүйрик, мыңнан тулпар деп айтып,
Азатлық дүньясын тынбай көп айтып,
Ким қайғырса кеўилиңди муңайтып,
Сақый жүреклериң береген деймен.

Ҳәр сөзиң бахыттың бағында гүлдей,
Ҳәр қатар қосығың айтылды бирдей,
Ҳасыллар ҳасылы болмақ дәўирдей,
Көксиң жақты күнди тиреген деймен.

Оқытқандай Мақтымқулы, Наўайы,
Ҳамза болды ҳәсиретиңе даўасы,





Әжинияз шайырдың өзиң даўамы,
Сен тасқын булақсаң гүрлеген деймен!

Дана Ленин дедиң инсанның ҳаслы,
Усы қосығыңды „Правда" басты,
Тыңлады пүткиллей аспанның асты,
Даўылпаздай болып гүўлеген деймен!

Ҳәр елди сыйладың жаныңдай көрип,
Елден алтын алдың гаўҳардай терип,
Тапқан ҳасылыңды халқыңа берип,
Ҳинжи маржанларды елеген деймен!

Изиң сүрме болды туўылған жерде,
Сөзиң дәстан болды ел менен елде,
Алма-Ата, Ашхабад, Ташкент Мәскеўге,
Кеўилиң узақты көреген деймен!

Мийнет сүйгиш қарапайым гедейсең,
Сөзиң шийрин ҳәмме халыққа бирдейсең,
Заманыма ай жулдыздай, күндейсең,
Халқым сени даңққа бөлеген деймен!

## ШАЙЫР УЛЫМ ХАЛИЛАҒА АЛҒЫСНАМА!

Муҳаммед Халилдиң әўладысаң Халила шайыр,
Алтын қәлем менен аштың, көмилген булақтың көзин,
Шайырдың ҳәр бир сөзи туўылған елге болар қайыр,
Дәўирге қайта дөреттиң, баяздың дүрдана сөзин!

Бир басшы алдап, әдиўлеп әкелди арамызға араз дегенди,
Сол ушын шерменде болып, умытқанбыз уллы саўап намаз дегенди,
Жасың киши болсада, тереңнен толғатып таптың,
Умытып қалған екен, қосықлар „патшасы" баяз дегенди.

Шайырда ҳеш тыным жоқ, шаршамайды бәҳәриў, жаз,
Өзи дем алған болсада, ақыл, ойлары қумарпаз,
Жүзлери сарғайып кетсе де жазған сайын сағы сынбас,
Ақ қағаз алдында жатар, алтын қәлем қолында саз,

Халила кулап қалған қудықты қайта дүзедиң,
Баяз булағының шәшмесин қайта ағыўды гөзлединң,
Поэзия бостаныныц жаңадан жолларын ашып,
Жаныңнан жанандай сүйип, дәўирге дүрдана изледиң!

Изледиң, баўырға бастың, айдын жолларын аштың,
Баязның нуры болды, жарқырап жайнар куяштың,
Жаўҳарлар жанып-күйип, жазийрада жатқан еди,
Аман бол улым Халила елиңе дүрдана шаштың!

## ҲАЎАЗЫМ!

Бабакалан шайырлардан қосық айтыў қалмаған,
Аяпберген, Аббаз, Садық қысса жолың қоллаған,
Қартайғанда қосық айттың деп мени неге қорлаған,
Жақты дүньяда жаңламаса қайларда жаңлар ҳаўазым!?

Олар жазған қосықларын саз даўысқа салып айтқан,
Мереке, мәжилис, тойларда таң атқанша қалып айтқан,
Жүректиң тарын жаңлатып, халықтың кеўлин алып айтқан,
Жаңа заман жақсы көрер, баҳалап, шыныққан ҳаўазың!

Егер сениң өкпе-баўырың, жүрек, жигериң болса аман,
Қосық айт сазларды шерт, тыңласын бирге ҳаман,
Халила шайырды тыңлар, халық қабыллар боп шадыман,
Дүньяға даўам еткейсең, дослықтың жаңлар ҳаўазың!

Сен кетерсең, күн батар, тағыда атар таңлар,
Қосыққа кумар халық, сениң ҳаўазыңды тыңлар,
Жүз жастада қосық айтсам ақлық әўладым таң қалар,
Жолмурза қосықлы өткер қуданың берген жасын,
Қосық пенен шер тарқатқан сүйикли Әжиниязың!

## ДҮНЬЯДА

Ырзаман излеп келипсең, жолларында еди көзим,
Ашылған айдай болып маған көринди жүзиң,
Сағынғаннан Зийўар болып сарғайып қалдым өзим,
Мени излер периштем бар екен жақты дүньяда.



Жалғызлықтың жазалары жанымды жандырды мениң,
Әжинияздай узақта қалып, қайғы алды аңымды мениң,
Думанлар тодаланып таңымды жасырды мениң,
Әй, периштем излеп келдиң мен ырзаман дүньяға!

Сениңдей болса еди барлық жигиттиң сүйгени,
Сен дәрман бердиң кетти жүректиң күйгени,
Мәртебе болса керек, ләблердиң ләблерге тийгени,
Жүз жастада келгейсең аман-саў болғыл дүньяда,
Палапандай бирге болсам, сениң менен бир уяда.

## ГҮЛБӘҲӘР!

Бирге оқып, бирге өстим жаслығымның шағында,
Жасырынбақ ойнадым шәмен гүллер бағында,
Тыпыршыйман түн бойы ядқа түскен ўағында,
Ол бахтымның тиреги нур жулдызым Гүлбәҳәр!

Берген ўәде бузылмас поса алдым жасымда,
Зәҳәр болып татыйды олсыз ишкен асымда,
Өзиң ушын ырзаман тас жаўсада басыма,
Құдиретим, қуўатым ҳүр жулдызым Гүлбәҳәр!

Ибилис—шайтан жолдан шық, әтирапыма дарыма,
Я раббил, я жаббар, мени жеткер ярыма,
Жеткермесең тезирек асып қойғыл дарыңа,
Өмиримниң жүреги сүйген қызым Гүлбәҳәр!
Әжинияздың ықласы қызда да бар менде бар!

## БОТАКӨЗ!

Сексен үш таўдың басына минип турман талтайып,
Хат жаздым сениң өзиңе, кешир қалқам болса айып,
Жайнаған көзиң жатқармас, жалынлатып жүректи,
Жалынлыман жигиттей қалғаным жоқпаң қартайып.

Дуўшар етти дәўирим, дәрман алдым бир қыздан,
Шөлим қанып шадландым, ишкендей сары қымыздан,
Айдай ашық жүзиңиз, күндей нурлы көзиңнен,
Нур алғандай болдым мен аспандағы жулдыздан.

Қойныма сыймай қуўаныш, атқанда ушқын көзинен,
Жалынлатып журекти жатқанда жошқын көзинен,
Жарасып тур сөзлериң жүзикке қас қойғандай,
Көрип турман қарағым муҳаббат ышқын көзиңнен!

Ботакөз деген атыңа алтын шашың жарасқан,
Күйгелек кеўил шыдар ма көзиңе көзлер қарасқан,
Мыйық тартып күлгениң жүрегимнен жай таўып,
Тилектиң толқын талўасы тайдай болып таласқан.

Қолымнан келсе қарағым берер едим айды алып,
Жымыңлаған жулдызды жүргизер едим айланып,
Түн ишинде толғанып, тыпыршып қосық жаздым мен,
Күндей күлген көзиңе сулыўлық нур сайланып.

Кеўилге кеўил қосылса, қосылған тардың сазы бар,
Бәҳәрдиң жыллы желиндей қыз баланың назы бар,
Бәҳәрде күйме әтирапта, қыста суўық тиймесин,
Қуўып шығар қысларды қос жүректиң жазы бар.

Қәдди-қәўмет, сын-сымбат, шоқ болып жандың
Ботакөз,
Таңдағы шолпан жулдыздай ықласты алдың Ботакөз,
Сүйиклисең сулыў қыз дәрман берген дәридей,
Тақатымды таў бузып, көп ойлар салдың Ботакөз.

Жанан сүйген жақсылық жүректе турар есленип,
Қызылдай қымбат қәсийет қалмайды ҳеш бир ескирип,
Жан ағанды жандырмай, булыттың аш қушағын,
Қосық жаздым қарағым болсын деп саған естелик!
Әжинияздай ашықпан жата алмайман түс көрип!

## АРАЛ

Аралымсаң адамлардың аҳыў-зарын ақлаған,
Аралымсаң адамлардың ар-намысын сақлаған,
Әсирлерде ақ сүтиңди адамларға арнадың,
Алып туўған ана яңлы сапар аңладың.

Жыр анасы, ел анасы, деген Арал атың бар,
Туўылғанда толқыныңнан мыңлап фонтан атылар,
Толып-тасып ақ жал толқын туўладың да ағылдың,
Мине бүгин сол толқынды жоғалтқаннан сағындым.



Ел сағынды, мен сағындым, қусларыңның базарын,
Қайда кетти, балықларың, шийрин сүўен, сазаның!
Қайда кетти қушағыңда өсип өнген қундызлар,
Қайда кетти қулаш урған ғошшақ жигит ҳәм қызлар?!

Барлығы да баўырыңнан басқа жаққа бурды бас,
Айдыныңды ийеледи еспе қумлар болып тас!
Сениң ҳәзир бул аўҳалың, жүрегимиз жарасы,
Сүйикли Арал сен өзисең көзимиздиң қарасы.

Қумда батып, қырда жатыр, пароходлар кемелер,
Миллионлардың мухаббаты нурдай жаўды—дәмегер!
Қызыл гүлге толтырамыз қуўрап қалған қыр басын,
Биз сақлаймыз саған тамған бабалардың көз жасын.

Айдын арал аймағында жақты жаҳан сақлаймыз,
Әўладлардың өмири ушын сени абайлап сақлаймыз!
Дана Ленин жазған хатты мың әсирге миясар,
Нурлы күнниң, айлы түниң, жуллдызларың жарасар,

Мәўиж урып, көкке шапшыр, тайдай туўлап толқынлар,
Бүгин сениң қушағыңда құдирет бар, қуўат бар!
Айдын Арал мақтанышым сен қалмайсаң далада,
Сени сақлап қалыў ушын халық атланды ғалаба!

Мақтаныштa айдын Арал суўсыз қурып жүрмесин
Әжинияздың қосығындай толқынларың туўласын!

## ЖАҚТЫ ЖАҲАНҒА КЕЛГЕНМЕН!

„Бул дүнья-дүнья болғалы" отларға жанып келгенмен,
Ашшы менен душшыға бәрқулла қанып келгенмен,
Тасты езип, таўды бузып, асқардан асып келгенмен,
Дүнья ушын дәртке толып, барлығын тасып келгенмен.

Шөлде шеңгелге тырналып, көллерде суўға батып,
Қақаман қар суўықта, қалшылдап музларға қатып,
Кийерге кийим табалмай, тырда жалаңаш келгенмен,
Баспанасыз дүзде қалып, бул дүньяға келгенмен.

Отыз үш мың бес жүз күндизде қалдырып келгенмен,
Белес-белес таўдан асып, белли талдырып келгенмен,

Не көрмеди жалғыз басым, жалғызлық жапа көргенмен,
Қыдыр ата боп жолдасым, сағыў-саламат келгенмен.

Әжелден аман қалып, халық бенен бирге жүргенмен.
Ауыр мийнет машқаладан, жақты жаҳанға келгенмен,
Шүкир ет Жолмурза бүгин, салқын сарай жайың сениң,
Алпыс жыл хызметиң ушын бул өмирден пайың сениң,
Әжинияздың уллы тойын тойлайтуғын айың сениң.

## МЕН БАЯҒЫ ЖОЛМУРЗАМАН

Атыңды дурыс қойған сүйгенликтен Клара деп,
Өссин камалға келсин, сүйгенлери гүлара деп,
Менде көргенимнен ышқым кетти гүллала деп,
Қартайғанда қолыңда қулың болсам да ырзаман.

Ашықлық отына жанған мен ышқыпаз Машрапбен,
Дүньяда кимлер ышқыпаз болса, мен соларға шерикпен,
Сениңдей жананлардың изине пилдей ерипбен,
Муҳаббаттан жан аямас, сақыйман өзим, мырзаман.

Ышқы менен өлип кеткен өрнек алдым дийўанадан,
Елиў жыл еллерди гезип, яр жолында дийўанаман,
Сексен еки жас болса да еле де гөззалға қумарман,
Клара өзиң өлтир мен баяғы Жолмурзаман!
Әжиниязды ҳүрметледиң мен мәңги ырзаман!

## КЕРЕК

Шәмен бағыңа бөленген, лалазар ишинде жайым,
Күндиз күним жарқырайды, ақшам сәуле шашар айым,
Маған бахыт бердиң узақ жасатқыл қудайым,
Ғаррыға ғаўғасыз болыў, узақ жасатқан жан керек!

Жайнап-жаснап шығаройсам жүз таўдың төбесине,
Мойнына әлим салып, бас қойсам ақ сийнесине,
Көзлерим көкти гөзлер, кеўлим ушырамай гийнесине,
Мың түрли жилўа-назлы жан берер жанан керек!

Парахат болып дүнья, карым-қатнаслар мол болса,
Жер жүзин саяхат етиўге ашық айдын жол болса,
Талас-тартыс, қан төкпеген ең ҳасыл ҳадал қол болса,



Жолмурзаға жаннан сүйген мәңги нурлы жаҳан керек!
Әжинияздай мақтап жазар адам, инсан, заман керек!

## МЕН ӨЗИҢНИҢ УРПАҒЫҢМАН!

*(1992-жылғы 22-май күни Қоңырат районындағы Асан Бегимов атындағы мектеп Асан Изаймович Бегимовтың туўылғанына 85 жыл толғанына арналған район мийнеткешлериниң салтанатлы жыйналысында оқылды)*

Мен қуданың қулыман, Мухаммедтиң үмметимен,
Мен инсаннан туўылғанман, ҳақ жүректиң нийетимен,
Дийхан бабам менен бирге мәрт майданда мийнетимен,
Қан қуйылған урысларда мен халқымның қурбаныман!

Кешеги шөл-жазийралар, бүгин жасыл жер болған,
Мәрт майданда денем балқып, аққан тынық тер болған,
Ҳақ жүрек, ҳадал мийнет, ели ушын ар болған,
Кимде-ким мийнетин сүйсе мен оның қумарыман!

Халықтың ул-қызлары сондай көп болған орасан,
Қанша устаз көзин жумды, егер санасаң мың сан,
Аяпберген, Аббаз, Садық, Қасым, Нәжим, Амет, Асан,
Мен солардан қалып қойған елдиң ески қуралыман!

Сен ушын келдим Қоңыратқа сексен беске толған шағың,
Сен биз бенен жасап турсаң, мисли ашық нур шапағың,
Ул, қыз, ақлық, шаўлығыңа толды өзиң еккен бағың,
Үлкемиздиң төриндесең, мен өзиңниң урпағыңман!

Мине бүгин Қоңыратта той, келди ағайин, досларың,
Сениң атыңдағы мектеп, толтырды тойхана басларың,
Ел ишинде сүрген болдың өзиңниң жазған дәстаның,
Қоңырат халқы Сизге алғыс, мен сизлердиң яраныңман!

## ТЕБЕРИКСЕҢ ХОЖЕЛИ

Үш жүз елиў алтыншы жыл, Жаңа дәўирлерге шекем,
Усыманға келип кеткен Искендер Зулхарнайын,
Бул мәнзиллер пирли мәкан, көзимизге тотыя,
Тексерилген тарийхларда, жеңил қандай, зил қандайын,

Жеңилин де, зиллериң де халық көрген қорғанған,
Жәбир-жапа қысымында азап шегип қорланған,
Зулхарнайын кеткеннен соң, мәкан басқан хожалар,
Хожаларға үнем берген қудайтала Қырымнан.

Соннан бери усы мәкан Хожели деп атанған,
Хожелини қорғаў ушын жаўға қарсы атланған,
Хожелиниң атын бузбаң, затын бузбаң, ҳақ сақлаң,
Ақылы дана бабалардан бизге мийрас ат қалған.

Ата жолы арўақлы, айдынласқан алыстан,
Ҳәр бир инсан, бахыт ушын, өмир ушын алысқан,
Пирли әрўағы шақырғандай ҳадал жүрек Хожаның,
Қазақ, Өзбек, Қарақалпақ, шыққан уллы арсытан.

Ҳадал жерим, пирли елим, ҳеш кимнен жоқ ғәрезиң,
Ҳасыл топырақ байлыққа мол, көптен басым тәрезиң,
Қурысы да ашылады Аралымның аймағы,
Қазақ, Өзбек, Түркмен, Тәжик, жан қоңысың Хорезм.

Дөрегенсең ҳасыл елден, ең атақлы урпақсаң,
Дәртлериме дәрман берген бағда алтын жапырақсаң,
Неге бизлер тойламаймыз мың-мың жыллық тойыңды,
Жер жүзинде инсанларға жүрек қосқан-ортақсаң!

Алтын шашлы аналарың аңызлардың ақылы,
Ақылы дана атларың алтын айтқан нақылы,
О Хожелим қуўаныш бар қушағыңда қызыл бар,
Тарийхымның томы сенсең,пүткил халықтың жақыны!

Мине бүгин жайнап-жаснап қушағыңнан нур шаштың,
Сен мәканы, сен мәнзили ай. күн менен қуяштың,
Бир заманлар қүдиретиң Жайҳун бойын жайлаған,
Талай сапар қурығанда Аралыңа суў аштың!

Өмириме үнем-ырысқы бағыңда мол асарым,
Көзим көрсе мен ырзаман Аралымның тасарын,
Жасым сексен жастан өтип тоқсан жасқа қарадым,
Қүдиретиңе сыйынаман мен қайтадан жасардым.

Сағынғаннан кеўлим мениң Хожели деп асыққан,
Жулдызыңды теберектей жүрегиме басыппан,



Көзлериме тебериксең, кеўилиме нур Хожели,
Жас жигиттей жайнап турман қызларыңа ашықпан,

Әжинияз да Хорезмге үстиңнен жол баслаған,
Медиресениң меҳрибанлық мың китабын услаған,
Тәрбия алған талай елдиң молласына досласып,
Өз елине билим жайып халықтың кеўлин хошлаған.

## ҚАЙТАР МАҒАН!

Зийўарым, заўқы-сапам зийнет бенен өзиңдедур,
Отқа салып өртеген сол ушқын көзиңнендур,
Муҳаббат шайдасының ширин сөзинендур,
Жайнаған жаслығымды ай жанан қайтар маған!

Жилўа-назыңды көрсем жүрегим жанар лап-лап,
Дәртиңди алды дәртлер, қайғысы мыңда бир көп.
Кеўилим ғамлы, көзим жаслы, өзиңде болса инсап,
Ойланып қара өзиң шын мухаббат қартаймаған.

Әй периштем есиңдедур, жүрген едик мың сырласып,
Сол күнлер ядға түссе кетежазлайман адасып,
Кеўлимди ғарқ етбекши ышқының дәрьясына тайып,
Кел тағы сырласайық сырлар бар айтылмаған!

Ғарры деп қарамағыл, қарыў-ғайратым белимде,
Үйрек-ғаз, аққыў-тырна жүзсин кеўилдиң көлинде,
Барлығын саған берейин, не байлық болса елимде,
Ғаррысаң деп ойлама аўыр жүкти тарталмаған!

Көриўге, шаршамаған жамалыңның шайдасыман,
Гүлге бөленген өзиң сүйген гүлдиң раҳнасымысаң,
Шәмен бағларына қурылған алтын дарўазасыман,
Мен сениң батыр палўаныңман қарыў-ғайраттан қалмаған.

Жолыңда қурбаныңман саў-саламат ҳәзир деним,
Бир қайғым сениң ушын дәртимниң тапқыл емин,
Зия-зулпыңды сыйпап қалғанынша соңғы демим,
Зарлатып кой ма мени жаслығымды қайтар маған!
Әжинияздай ышқы дәртин ҳеш шайыр айталмаған!

## ӘМИЎДИҢ ҚЫЗЛАРЫ!

Қара қасың, нурлы жүзиң, айдай ашылған жамалың,
Көзлериңниң жақты нуры жайнатты жақты жаҳан,
Бар өмирди арнап саған сүйдим сени жүрек жаннан,
Сондай сулыў жанды алар Әмиўдиң айдай қызлары!

Айлар өтти, жыллар өтти, жана жыллар кетти,
Шийрин сөзиң, шаҳла көзиң жалынлы жүректен өтти,
Сағындым сулыў пери, ышқы дәрти қайда кетти,
Мың-мың мөлдир мухаббатлы Әмиўдиң айдай қызлары!

Бәлки Әмиў қартайғандур, сексен әсир жолы тозып,
Мен де сондай қартайғанман, бирақ кетер арқам қозып,
Сен бир аспанда айсаң, жеталмайман қолым созып,
Мухаббатың ашық екен Әмиўдиң айдай қызлары!
Жүрегиме жаққан екен Әжинияздың баязлары!

## БАЎЫРЛАС ЕЛИМ—БОСТАНЫМ!

Әл-Беруний әўел бастан ата журтын жайлаў еткен,
Әмиўдиң еки жағасын салқын сарайдай жай еткен,
Агаҳий ҳәм Әжинияз Ақша көлин сайран еткен
Ҳәзирги Елликқала солардан қалған мәнзиллер!

Бурынғы Туран ойпаты Түркстан болған бесиги,
Қулпы таслардан салынып мың түрли нағыс есиги,
Мине бүгин молдан болды туўысқан халықтың несиби
Мең бүгин мақтанаман тарийхтан айтып сөзлер.

## ДОСЛАРЫМА КЕЛДИМ МЕН!

Асқар таўдан асып түсип, аспанынан нур алдым,
Тарийхлардың томларынан, дәстаныңнан сыр алдым,
Ҳасыл елсең, ийман алдым, жүрегиңнен жыр алдым,
Дәўирим дәрман, баўыр басқан досларыма келдим мен,

Мәрт елатсаң, батыр халықсаң, ҳасыл, ҳадал ийманың,
Мың-мың жыллар ырза болар, дузың татқан мийманың,
Тапқаныңды тойға жумсап, дослар ушын жыйғаның,
Ақылға-ақыл, шын жүректи қосқанларға келдим мен,



Әсирлерге гүўа болып, Ақша көлде ақ булақ,
Ҳақ кеўилин ҳадал мийнет, жарқыратты шашырап,
Жаңа мәнзил, жаңа елсең, жүрек ортақ, жер ортақ,
Жасы үлкен, жасы киши—жасларына келдим мен.

Ғаррыларың сексен жасға, тойда ылақ ойнаған,
Азаматың келешек деп елдиң ғамын ойлаған,
Дийхан алтын, шарўаң дүнья, Қызыл қумды жайлаған,
Қушақ ашып, қутлы қәдем басқанларға келдим мен.

Жер байлығың болар емес, тасың гәўҳар, суўларыңда
қундызлар,
Жалынлы тас, жигитлердиң жүрегинде қызғын оттай
ҳүждан бар,
Қәлем қаслы, қара көзли, жилўа-назлы ҳүр қызлар,
Қартайғанда қайта жасап пәрўаз етип келдим мен.

Түнлер бойы тыным таппай, таңға арнап жанымды,
Жутқан яңлы болсадағы қара қәлем қанымды,
Мәңги мийрас қалдырайын досты меҳрибанымды,
Жүрегим бир, тилегим бир досларыма келдим мен!

## ДАНАЛАРДЫҢ ДӘРМАНЫ БУЛМАН!

Бурынлары бул Бостанды Бабақаланлар жайлаған,
Орта әсирдиң билимлерин ийелеген жайлаған,
Аль Фарабий нурлы келешек күнди ойлаған,
Басқан изи көзге сүрме устазлардың устазыдур!

Әбу Райхан Беруний, аспаны замийинди излеген,
Тәбияттың тилин таўып, шолпан жулдызды гөзлеген,
Билинип тур түрин тапқан ақыллы еди өзгеден,
Билим булағын ағызған даналардың данасыдур!

Муҳаммед Ибн Муўса—Хорезмли Хийўалыдур.
Дүньяға даңқы жайылып, ҳәмийше пайдалы қыялыдур,
Әсирлер аңызында билимлери-қуралыдур,
Жақты жаҳаннан жай алған Хорезмниң баласыдур.

Дүньяға дөрелген заман билим деп ыңыранған сеси,
Жаслайынан жигерленген билимге арналып еси,
Әбу Әли Ибн Синадан сақланған адам гейдеси,
Дәртиңе дәрман берген ақылдың санасыдур!

Аяз қала төбесине Баба Рахим Машраб минген,
Қасында Омар Ҳаям муҳаббат деп жаны күйген,
Жалынлы жүректен жазып, сөзлерден дүрдана үйген,
Жарқыраған нурлы күндей шайырлардың бабасыдур!

Муҳаммед Зикир Агаҳий—Ерниязбектиң баласы,
Кәмалға келген жери тарийхый Қыят қаласы,
Әлемге аты кеткен бизиң Қыяттың баласы,
Тарийхы Қыят ели—көзимиздиң қарасыдур!

Бостанның баҳадыр улы-қызы, ақлығы менен шыўлығы,
Күнде табыс, күнде той, елиниң шәўкет-шадлығы,
Бабалардың әўладысаң, аман болғай ел саўлығы,
Дослық, бирлик өмирдиң мәңгиликке панасыдур!

## ҚЫЯТ—ҚОҢЫРАТТЫҢ ҚЫЗЛАРЫ

*„Қыят—Қоңыраттың қызлары, патша*
*ҳәм ханларға мияс'ар"*

*Әлишер Наўайы.*

Қыят пенен Қоңырат қызы қәдди-қеўметиң мүсиндей,
Жаҳан жүрегинде жайнадың нурланған ай менен күндей,
Шәмен бағларыңа жарасқан, хоширей қызыл гүлдей,
Муҳаббат патшасы деп Наўайы мақтады сени!

Қыят бенен Қоңырат қызы ай жүзинде ноқат қалың,
Аспан астында бир өзиң, мисли ай киби жамалың,
Хан менен патшалар сүйген, дейди жүректен жананым,
Халық ишине ҳинжи шашып, қосықта сақлады сени!

Дүньяда сулыўлар көп, айтылмаған мәкан жайы,
Сениң Қоңырат Қыятыңды тилине алды Наўайы,
Сениң атың сулыўлықтан әсирлердиң жақты айы,
Ақылы-зийрек азамат деп гүналардан ақлады сени!

Наўайы сени мақтап жар салды жақты жаҳанға,
Шайырлар жанын арнаған сениңдей сулыў жананға,
Ақыллылық' сулыўлық дүньясын арнап заманға,
Жолмурза жүрегин арнап ҳәзир де жақлады сени!

## БОСТАНДА ҚАЛДЫ

Қартайғанда айтыў болмас ышқы-мухаббет кеклерин,
Жигит болып оқығанман ышқы-мухаббет дәптерин,



Салқын сарайларға кирип, ушырдым ярдың кептерин,
Кумартып еткен қыяллар әлемде аспанда қалды.

Сонша жыл, сонша айлар бүлбилдей сайраған едим,
Қара көз, қыпша белди жилўа назды сыйлаған едим,
Мың-мың гөззаллар ишинен бир перийди сайлаған едим,
Сол гөззалым жүрегимде, қосықта дәстанда қалды.

Жас басты деп жаталмайман, барлық тапқаным сөзимде,
Дийўанайы Машраб болып гездим ақылым өзимде,
Жананлардың жанып турған ышқы оты бар көзинде,
Сол ушын мине бүгин жүрегим Бостанда қалды!

## БОСТАННЫҢ ШӘМЕН ГҮЛЛЕРИ!

Қартайдым деп қайғы жесем, ийнимди басар дәртли ғам,
Көзден шийрин уйқы қашар, атпай кетер бул узақ таң,
Ибилис шайтан ийинге минип, қулақты шыңлатар матам,
Қыз жаўанға күлип қара бағда сайрасын бүлбиллер.

Аспанда ай нурын шашар, жарқырап жайнар жулдызлар,
Кеўилге илҳам бағышлар, хошадес, хош ҳаўазлар,
Гулбаҳар, Алтынай, Роза атлы гөззал қызлар,
Жүрекке илҳам арнады жанды жандырып қызлар!

Быйыл сениң өмириңниң ең қызықлы жылы болды,
Таўдай табыс, алтын кәрўан қурдай қатнап жолы болды,
Қәдемиң қутлы болсын, Қыдыр ата қолы болды,
Жолмурза умытпа ҳасла бостанда бар лала гүллер!

## БИР КЕЛИП КЕТИҢ!

Басшылар, баўырларым сыйға-сый деген сөз бар,
Бул өмир өтер екен, төрт мәўсим қыс бенен гүз бар,
Ертең бир күн қушақласып көрисер деген көз бар,
Ғамхор болып, ғаррыларды ҳүрметлеп, бир көрип кетиң!

Өгизге туўған күнлер, туўар бир күнлер баспаққа,
Бир ўақлар палаў, бир ўақ жолығарсаң қаспаққа,
Гүлшырай қызлар менен ғошшақ жигитлер керек кеўил ашпаққа,
Мың қосшылы министрлер ғаррыларға бир келип кетиң!

Бабалар өткен емес пе ақылы дана сөзин айтып,
Ғамхорлық, дослық еткен жиберер жасты узайтып,
Ғаррылар шаршап қалған сиз ушын өзин қартайтып,
Ел дәстүри, ер дәстүри сыйлаңыз бир келип кетиң!

Жасы уллыны сыйлаў деген салтанатқа айлансын тез,
Алпыстан жүз жасқа шекем ҳәр ғарры сыйлансын тез,
Гүллән халқым ҳүрмет пенен ғаррыларды ойға алсын тез,
Ул-қыз, ақлық-шаўлық бәрше ғаррыға бир келип кетиң!

Қартайғанда қапа болдым сүйген ярым жумды көзин,
Зар жылап емиренип қалдым, жалғыз баслы болып өзим,
Зейниңди ашып шад етер ме жазыўшылар шийрин сөзин,
Қәлем алған қәдирданлар қуўантыўға келип кетиң!

Өмир сүйдим, ел сүйдим, сулыў сәўер яр сүйдим,
Төрт мәўсим, қыс, гүз, жаз сүйдим, бәҳәр сүйдим,
Туўылған ана жеримде аўыл, ел, шәҳәр сүйдим,
Хошадас хош ҳаўазлы қосықшылар келип кетиң!

Кудайға шүкир қылып тәғдириме бағынаман,
Жора-жолдас, қурбы-курдас барлығына жалынаман,
Базарбай, Байрам, Кеңес, Мақсетжанды сағынаман,
Шал кеўилин шадландырып шағлатыўға келип кетиң!

Гүлпаршын, Бийбираба, Тамара бүлбиллерим,
Шамен бағда қулпы дөнген лалазар болған гүллерим,
Дәртиме даўа болар ҳаўазларың, шийрин тиллериң,
Кеўлимди күндей ашып, ҳағлатыўға келип кетиң!

Мырзагүл, Гүлхатийша, Замийра заўқы-сапа қызы,
Ақылы-зийрек, ашық минез, өмирдиң опа қызы,
Қарақалпақ халқының қосықшы айдай—жулдызы,
Атаңнан мың-мың айланып маўқым басып келип кетиң!

Сәрсен менен Сәрсенбайым, Худайберген хош ҳаўазым,
Турганбай, Дәўлетбай, Мақсет бала сәўбет-сазым,
Сизлерди еситкенде қыс күнлерим болар жазым,
Қулағымның қурышы қансын атаңа бир келип кетиң!

Дослық еди дөрегеним ҳаслы түбим қарақалпақ,
Өзбек, Қазақ, Түркменлер араласқан, қазан-табақ,



Туўысқан елдиң перзентимен кеўилим, жүрегим ҳақ,
Жүз жасаў маған несип етсин, таярлыққа келип кетиң!

Сүўретши сүўретим салып, композитор нама шығар,
Билесиз хош ҳаўазбан, сеслерим жаслардай жаңлар,
Жаңлаған даўысымды туўысқан халқым тыңлар,
Барлығыңыз баўырымсыз жан атаңды көрип кетиң!

Ғошшақ арыслан жигитим бар, зулпы зия гөззалларым,
Той-мереке, байрамларда, ылақ ойнайды шалларым,
Миллион-миллион мусылманман бәри де меҳрибанларым,
Туўысқанлық тойға барсаң, той сапары келип кетиң!

Егер де билсеңиз сизлер атаң быйыл сексен үште,
Жасы үлкен болса да сизди ойлап минер күшке,
Сизлерди мен сағынаман күндиз, түни, ерте, кеште.
Сағынып сарғайтпастан ҳал-сорасып келип кетиң!

Жасыңыздан жүрек қосып, бирге барғанман досларға,
Өзбек, Қазақ, Татар, Башқурт, Түркмен, Тәжикстанға,
Россия жерлеринде, Ноғайға, Дагистанға,
Барғанларды бир еслейик ҳәзиллесип келип кетиң!

Сизлер бир ҳасыл инсан, солдат болған меҳрибанға,
Ҳаўазларым жаңлаған пүткил дүньяға-жаҳанға,
Кудай өмир берсин сизге жүз жигирма ҳәрбир жанға,
Аймурзаев алғыс айтсын, баўырларым келип кетиң,
Әжинияздай қосық айтып, келип, ойнап-күлип кетиң!

## ТАРИЙХ ТИРКЕЎЛЕРИНЕН

*(Пайтахтымыздың алпыс жыллық алтын тойына)*

Бабам мениң Жийен Жыраў „Посқан ел" деп жырлаған,
„Посқан елдиң" аңызы: күшсизди күшли зорлаған,
Қайғы шеккен халқымның бахытын кимлер урлаған?
Сол урланған бахытын излегенин еслеймен!

Бөлинген ел бүлинген батысқа басы баталмай,
Қырым, Трик таўларында тынышлықта жаталмай,
Канша ханды көрсе де ерикли ел аталмай,
Ашылсын деп маңлайым гөзлегенин еслеймен!

Едил деген аўызыңнан, Жайықты көрген көзиңнен,
Батыр палўан бабалар, айналайын өзиңнен
Қазақтың кең даласы, киши, уллы жүзинен,
Оннан да берман шығысып мен гезгенин еслеймен.

Пидә етсе де жанларын, жайлай алмай Жайықты,
Узақ жолға жүре алмай минген аты майықты,
Жол жөнекей суўда жоқ табалмады қайықты,
Жаздыралмай дизгинин мен үзгенин еслеймен.

Хожа Ахмет Яссаўий маңлайынан сыйпады.
Баяғы ата мәканын. өз халқым деп сыйлады,
Тентиреклеп кетти тағы да Түркстанға сыймады,
Мың өлип, мың тирилип өзгергенин еслеймен.

„Үш ай қаўын-қабағым, үш ай балық-шабағым,
Үш ай сүтилмегим бар, үш ай қатық-қаймағым".
Мийнеттиң түби рәхәт, таяр болды тамағым,
Бурынғы ата мәканнан безбегенин еслеймен!

* * *

Қырық биринши жылында басланды қанлы урыслар,
Урыс болса халықта не турыс бар, жүрис бар,
Ар-намыслы азамат, урысқа етти сапар,
Жеңис пенен шадланып келгенлерин еслеймен!

Қыян кести урыстың қызғанында майданы,
Дегиш алып Төрткүлди шықты әйўан-жайўаны,
Нөкиске келип салынды пайтахтымыз жайлары,
Ең биринши гербишти өргенлерин еслеймен!

Қарақалпақстанның мойнына түсги аўыр зил,
Аўырлықты жеңди де бағ орнатты, екти гүл,
Ақ отаў тигип алдына, байлығым болды қызыл тил,
Суверенли ел болып өскенлерин еслеймен.

Сениң хәр бир көшеңде урыста қан төгилген,
Жаў қолында азаптан қабырғасы сөгилген,
Ерлердиң басқан изине, қызыл гүллер егилген,
Қыз-жигитлер бағында жүргенлерин еслеймен!



Қубла шығыс—Бес төбең, анаў жатқан—Таслағың,
Тарийхый жай усылар, тереңнен көз таслағыл,
Хәрким өзин жақламай, шығарма сөздиң қаспағын
Хәрбир елдиң, батырдың хадал изин еслеймен.

Қатты ағар, Қызкеткен, Шағал көпир, Тазқара,
Бекбай тоғай, Ақ маңғыт, Халқабад хәм Дәўқара,
Қара таўдан қан ағып ел жүреги мың жара,
Жылаў айтып зарлаған ананың өзин еслеймен!

Алпыс жыл жасап, Нөкисим—пайтахты болдың елимниң,
Ең хүрметли жерисең, ақ отаўы төримниң.
Садағасы болайын туўып-өскен жеримниң,
Келешекте гүллер деп бәхәр гезин еслеймен!

Жазып тарийх тиркеўин, мен де келдим қасыңа,
Пайтахтымды қәдирлеп, көтеремен басыма,
Қутлықлайман тойыңды сексен еки жасымда,
Шадлы жәхән дүньяның хақлық өзин еслеймен!
Әжинияздың жазып кеткен тарийхы—сөзин еслеймен!

## РАЎШАН

Аспанда нурлы айды көрсем бул маған Раўшандур,
Хасыл заты периштеден сулыўлардан нышанадур

Жер-жәхән жүрегинде толқыған теңиз мухыйт-
ушандур,
Айдынында ай жүзген тарийхлар әлле қашандур!

Ерни қызғыш дөнип, көзлери жанып турған,
Мухаббат жолын аңласаң мийриң қанып турған,

Ерке қыз, ойыншы қыз, ойшыл, қыз—дүньядағы,
Қыз бала қызыл көринер кәмалына келген шағы.

Раўшан, сын-сымбатлы жаным сүйген сулыў қызсаң,
Жигитлердиң жанын алған, жайнаған бир жулдызсаң!

Шаққансаң, шадлы қызсаң, нәзерге илинерсең
Ақ көкирек, киши пейил сүйдим десем күлерсең.

Дүньядағы сулыўлардың сардарысаң ақылға бай,
Тилегим талўасына шерик болып, өмириңе яр болсын кудай,
Өмирлик жолдас табылсын меҳрибан Әжинияздай!

## АЛПЫС ЖАСАР—АТА ҚАЛА

Бир қыз шықты бағ ишинен, шадлы-шаўкетли саз бенен,
Хош ҳаўаздан косық айтар, онлап өнерпаз бенен.
Мени өзине баўлып алды, жилўа менен наз бенен,
Бундай сулыў периштени жаҳан ишира көрмедим.

Ай жүзине жарасып тур, хоширей берип ноқат қал,
Өзбекбекен, Қазақбекен, Азербайжан Айжамал,
Ләм дейалмай, лалазардай бийхуш болдым, болдым лал,
Естен танып ескермедим, қайда жанан билмедим.

Бадам қабақ, қызғыш ерин, мерўерт тислер жарқырап,
Лаплас гүллер, қызыл гүллер, жупар ийис бурқырап,
Аңым қашып, албырақлап алалмадым сөз сорап,
Жақты жаҳан дүньясында бундай жанан көрмедим.

Ҳасыл адам ҳеш ўақытта адам менен болмас жат,
Ғошшақ жигит, гөззал қызлар арасында муҳаббат,
Еки улттан бина болған екен, усы перийзат,
Тартынғаннан интам жетпей бир дәсте гүл бермедим.

Әллен ўақта ақылым келип, қондым шәмен бағына,
Дуўшар болдым шақалақ атып қыздың күлген ўағына,
Мен де бардым қыз отырды муҳаббаттың тағына,
Жүрегимнен ерк кетти, сүйдим қолды сермедим.

Қырық ойыншы қызлар бар, жипек кийген-лапарман,
Хош ҳаўазлы қырық жигит бар, мисли мерген атарман,
Әй гөззал жананлар, бир орын бериң қатардан,
Муҳаббатқа мехрибанман, бузық жоллардан жүрмедим.

Жин-шайтан ийелеген дүт тоғай сай-саласы,
Шаң менен шыжымланған шөлистан еди даласы,
Ақыллы сулыўларға толы бүгин Нөкистиң қаласы,
Алпыс жыл раҳәттен басқа ҳешбир жаманлық көрмедим.
Әжинияздай ўатанымды жанымдай ҳүрметледим!



## ЫРЗАМАН

Сүйсең сен ҳақыйқат сүй, Мәжнүн талдай басты ийип,
Мен барар жолды көмбе қаратаўдай тасты үйип,
Баўырыма басайын мен кетпейин жанып-күйип,
Өзиңе қул болайын жаўдыр көзиңе ырзаман!

Сүйдириў, сүйиў деген бурынғыдан қалған нусқа,
Ҳәр ўақыт муҳаббатты жүрегиңдей таза усла,
Мийнетке сәйкес болсын, өмириңе болғыл уста,
Он бармағың өнер болса мен де өзиңе ырзаман!

Жүректе жанып турған дәртлерди өширип кет,
Басқа түскен бәлелерди узаққа көширип кет,
Не айтсам сүйген соң айттым, кетериңде кеширип кет,
Әдеп-икрамлы қызсаң, айдай жүзиңе ырзаман!

Тил қағып табжылмадың басқаға дөнип кетпедиң,
Басқалар дүнья берди, оларға көнип кетпедиң,
Жолмурзадан басқаның есигин көрип кетпедиң.
Жыллы жүрегиң ҳақ екен, ҳасыл сөзиңе ырзаман!
Әжинияздай ўәделимен Наўрызда оразаман!

## БАР ЕКЕН

Себеп бенен атақ алып, алдаў менен жүрген елди,
Алдаўына көнип келдик, ашық айтар ўақыт келди,
Гезендехор, елди гезер булардың оты сөнди,
Деп жүрсек алдаўшылар арада еле бар екен.

Сол шайтанлар шаян киби сыртыңнан шағып жүрер,
Ҳақ адамды жаманлап жүрегиңди жағып жүрер,
Басшылар қайда барса сыртыңнан бағып жүрер,
Оларды жасырып қойған еле де төле бар екен.

Түри-түси келискен қара шашы аппақ болған,
Дилўаршылап, сөйлер сөзи қайталаныў тақмақ болған,
Басшылардың алдында жалғыз өзи ҳақ болған,
Олар сүйенип турған бир узын өре бар екен.

Бурын үлкен лаўазымда азырақ елди билеген,
Биреўге зәҳәр берип, биреўге қамыр ийлеген,

Хеш болмаса бул адам китапты ашып көрмеген,
Туңғуйыққа кетсин булар, өзинше төре бар екен
Әжинияздың айтқанындай тозған шүбере бар екен!

## ҚЫЗЛАРГҮЛДИҢ САЎАЛЫ— ЖОЛМУРЗАНЫҢ ЖУЎАБЫ

ҚЫЗЛАРГҮЛ:

Ассалаўма әлейкум шайыр атамыз,
Аман-есен, саў-саламат барсыз ба?
Бағманлар бағынан жемис татамыз,
Қосық сизге, сиз қосыққа ярсыз ба?

ЖОЛМУРЗА:

Ўалеўкум ассалам қызым—Қызларгүл,
Мени бағман десең, өзиңиз бүлбүл,
Маған Сизге хат жаздырды депсиз дил,
Келиң сөйлесейик қумарпазсыз ба?

ҚЫЗЛАРГҮЛ:

Ышқыпазлық емес муҳаббат деген,
Билер оның ашшы-душшысын жеген,
Адамлар бар, рәҳәт, азабын көрген,
Шертип көрсем жаңлап кетер сазсыз ба?

ЖОЛМУРЗА:

Дурыс қызым жасым сексеннен асты,
Өмиримде жақсы-жаман ушырасты,
Ҳаўазым жөнип жүр ғаррылық жасты,
Хош ҳаўазды сүйген өнерпазсыз ба?

ҚЫЗЛАРГҮЛ:

Бадам қабақлы едиң, шашың қап-қара,
Сизди сүйген еди апам Айпара,
Ол гөззал көз жумды жүреги пара,
Себебин өлиўдиң айта аларсыз ба?



ЖОЛМУРЗА:

„Ҳәр заманға бир заман" деген сөз қалды,
Ақыллы даналар буны ядқа алды.
Айпара да гүнасыздан қамалды,
Сол заманды Сиз де қараларсыз ба?

ҚЫЗЛАРГҮЛ:

Отыз, қырқыншы жыл жаслық жылларың
Ақылың толып қосық жазған қолларың,
Соннан кейин қалай болды жолларың,
Айтып берсең ўақты заяларсыз ба?

ЖОЛМУРЗА:

Бир ўақлары, патша болды, хан болды,
Халық қырылды өлген миллион жан болды,
Таң атты көсемлер меҳрибан болды,
Тап усылай десем инанарсыз ба?

ҚЫЗЛАРГҮЛ:

Сиз көрген екенсиз, қыйын басқының,
Айырыпсыз жаман менен жақсының
Тыңлағанман жыраў менен бақсыны,
Қосылып қосықлар айта аласыз ба?

Оқыў, өнер, билим халықтың теңлиги,
Елге пайда бул өмирдиң кеңлиги,
Ашылыпты ақ отаўдың түңлиги,
Суверенлик жолын көреаласыз ба?

ЖОЛМУРЗА:

Сендей бахытлыман, бул маған қуўат,
Суверенли елмен, өмир рәҳәт.
Баҳа аспанға ушты бирақ бул зият,
Базарда аралап жүреаласыз ба?

ҚЫЗЛАРГҮЛ:

Мен урысқа барғаным жоқ, бирақ еситтим,
Көрдик шеңгел көмилгенин есиктиң,
Женшилгенин танк басқан бесиктиң,
Бүгин ядқа оны салаларсыз ба?

ЖОЛМУРЗА:

Молдаван, Осетин, Грузин, Армян,
Айрылмақта ул-қыз, ата-анадан,
Ел бирлигин бузған басшылар жаман,
Сол еллерди барып араларсыз ба?

ҚЫЗЛАРГҮЛ:

Суверенли Қарақалпақстаным,
Мен қызыман мениң бағы-бостаным,
Көзим көрди талайлардың қысқанын,
Себебин бизлерге айталарсыз ба?

ЖОЛМУРЗА:

Лепси жаман аш көзлер бар елимде,
Ҳәмелпараз шықсам дейди төриме,
Ҳәким болсам дейди туўған жериме,
Мениң бул бақамды қайтараларсыз ба?

ҚЫЗЛАРГҮЛ:

Биреў келди, биреў кетти не болды,
Биреўлер масқара етти не болды,
Ақылсыз мақсетке жетти не болды,
Асаўға тусаўды байқаларсыз ба?

ЖОЛМУРЗА;

Лепси деген жаман бәрҳә бер деген,
Ақылсызлар қара басын жер деген,
Бүкирди дүзетер қазған гөр деген,
Сол тилекти илип аларсыз ба?



ҚЫЗЛАРГҮЛ:

Ата көп нәрсеге түсинип қалдық,
Бираз мәселени ортаға салдық,
Не тилегиң болса биз қабыл алдық,
Жүзге қәдем қойып бараларсыз ба?

ЖОЛМУРЗА:

Мен сизлерге жақты жәҳән тилеймен,
Ғошшақ жигитлерим, Қызларгүллерим,
Мен сизлерге шадлық заман тилеймен,
Жүз жасап бахытты бирге көрейик!

## ЖАНАН СҮЙЕР ЖИГИТЛЕРГЕ

Қайғырып қапа болсаң, таң да атпас уйқы қашар
Әйнегиңнен ай қарап, шолпан жулдыз нурын шашар,
Заўқы-сапа, жилўа-назда қыз жигиттиң зейнин ашар,
Жақсы жанан жүрегиңе ҳәрбир ўақта жат емес.

Жананлар жақынламас, сүтхор менен жылайманға,
Егер ақыл-ҳуўшың болса, жақынлама жананларға,
Мәрт болсаң сен де уса сақый мырза Сулайманға,
Қызды алдаў ол арсызлық, ол адамға қуўат емес.

Қызлардың жүрегине жаққан, жалынлы жас жаўлана
бол,
Қыз кеўлин таптағы, шийрин-пал бер паймана бол,
Қыздың кеўлин табалмасаң, шөллерди гез дийўана бол,
Қыз қол қап емес, сатылар товар емес, зат емес.

Ақыллы қызды тапсаң, айрылма, арыңды аяма,
Жүректен жақсы көрсең, дүнья-малыңды аяма,
Мөлдир мухаббатты сыйла, қыздан жаныңды аяма.
Мухаббат алтын дийўал, бес гербиштей қабат емес.

Нешше мың ашықлар қыз ғамын ойлаған еди,
Ақ сийнеге ал салысып ашық-машық ойнаған еди,
Жолмурза да жас ўағында сулыўды сайлаған еди,
Барлығында бурын рас, муҳаббат бадабат емес,
Сүйсең Әжинияздай, шын муҳаббат жат емес!

## КҮЙДИРМЕ ЖАНЫМ

Ақ жүзли, қумай көз, жупқа додақлы,
Сүмбил шаш, қыйқаш қас, бадам қабақлы,
Қараөзекте хош қумарлы атақлы,
Мениң Гүлстаным өзиңде жаным!

Жилўа-наздан шар айнаға қарайсаң,
Заўықланып, зыя-зулпың тарайсаң,
Сулыўсаң, үшинен туўылған айсаң,
Ықласым, қарарым өзиңде жаным!

Сенсиз гүбелектей отқа жанарман,
Көрмей қалсам саатларды санайман,
Мени қутқар узақ аўыр таңлардан
Өмирим тәғдийри өзиңде жаным!

Қол созсам жетпейди Зуҳра жулдызсаң,
Мың-мыңлар ишинде айрықша қызсаң.
Ақылы зийрек, сулыўлықта жалғызсаң.
Өзиңе қумартып күйдирме жаным!
Әжинияздың руҳындай жананым!

## ҚОҢЫРАТТЫҢ ҚЫЗЛАРЫ

Қоңырат қызларының қасы қыйылған,
Жуўап урар нақыл сөзден қыйыннан,
Мереке-мейилисте, тойдан-жыйыннан,
Орнын төрден алар Қоңырат қызлары!

Зейинли, заўықлы, шадлы бәҳәр, жаз,
Хошәдестен гүмбирлетип шертер саз,
Ақылға бай, қосық айтса хош ҳаўаз,
Жанына жан қосар Қоңырат қызлары.

Көкте күнди қушар кеўил бийиги,
Муҳаббатқа еркин қолда бийлиги,
Жайлаўда жайылар қулан-кийиги,
Кеўилге йош қосар Қоңырат қызлары,
Сизлер Әжинияздың нур жулдызлары!



## ҚОҢЫРАТҚА КЕЛИҢ!

Ақ сүт берген Арыўхандай анам бар,
Маман, Айдос, Ерназардай бабам бар,
Билим булағына қанған данам бар,
Тарийхлар излесең Қоңыратқа келиң!

Бәҳәр паслы, ғаңқылдасқан ғазым бар,
Рәҳәт бағышлар, жайлы жазым бар,
Хош ҳаўаз, хошәдес өнерпазым бар,
Шадлықты гөзлесең Қоңыратқа келиң!

Жери ҳасыл, лалазары мың әлўан,
Ғаррылары шадлы, жигити палўан,
Жилўа-назлы жанды алар қыз-жаўан,
Гөззаллар гөзлесең Қоңыратқа келиң!
Мийман болып тойда тамаша көриң!

## НУРЛАР ШАШҚАН ЖАҚТЫ АЙҒА

Бир нәзерден аттың мени, есим жоғалттым сол заман,
Мениң мийим мең-зең болды, мисли астан-гестен
жәҳән,
Қәўметим балқып кеткен, күн нур шашып шапағынан,
Бир пәрийди көрген едим жоғалттым кетти қайда?!

Жүрегиңе бенде болдым, гездим аспан замийинди,
Муҳаббат пайғамбары қосты қасыма Амийинди,
Бәрше ышқыпазлар мениң менен бирге тулпарға минди,
Тулпарлар туяғы тисленди табалмадық кетти қайда?!

Ел қоймай гезенде болдық, мийиримли Машарип келди!
Әдилсизлик азабын көрген кеўли ғамлы Ғәрип келди.
Әй ашықлар шаршадың деп ышқы дәптеринен ҳәрип
келди
Сайлап көрген сүйген ярды табалмадық кетти қайда?

Ессиз жатсам да қуўандым бир пәрий деп тийди пайға,
Таппадым, кире алмадым жанға жыллы жайлы жайға,
Қолымды көксиме қойып, бас ийдим Наўайыға,
Буныңдай ғамхор кеўил меҳрибан адам қайда?!

Жоғалтқан парий қайда десем жатқан екен қушағымда,
Жүрегим лаўлап кетти оттай лаўлап ошағында,
Әй Жолмурза кеўлинди бас, делбе болып тентиреме,
Бул жақты жаҳанда жолықтың нурлар шашқан жақты айға!
Шайыр болса шайыр болғыл усаған Әжиниязға!

## ҚЫЗ-ЖАЎАНЛАР

Жаўдыраған көзлериңнен, айналайын қызлар-жаўанлар,
Тойға барсаң бирге барып, сайланайын қызлар-жаўанлар,
Жүрегиңе жүрек қосып, жайланайын қызлар-жаўанлар,
Мениң жаным, жүрегимсиз жақты дүньям өзлериң!

Аппақ сийнең, нур жамалың ай болып көринер маған,
Қасың кәман, бир қаққанда кирпигиң оқ жай көринер маған,
Көзиңнен атқан ушқын, бир пай болып көринер маған!
Жаныма жәннет орнатар, жәҳәним жәўдир көзлериң,

Сен Ләйли болғанында көплер Мәжнүн болғаны анық,
Тазагүлдей талўас етсең тилеги толғаны анық,
Жолыңда дийўана болып, саҳра шөлде жанғаны анық,
Тарийхы томларда, қысса-дәстанларда дәртиме даўа сөзлериң!

Сизлер менен шийрин болар үнем, ырысқым мениң,
Сизлерге бурын арналған жүрек жаным, басым мениң,
Жүрегимди жалынлатты, сексен үште жасым мениң,
Қуўанышты қызғынлатар, айдай ашылған жүзлериң!

Сизлерди мақтап кеткен Наўайы менен Омар Ҳайям
Ҳәр бириңди көргенимде ойланып боларман ҳайран,
Пал-шекер болып татыйды, сизлер берген ашшы айран,
Жолмурзаның қайта қозды, жайнаған жаслық гезлери,
Жаўырынға таққан дуўа болды Әжинияз жазған сөзлериң



## ДӘЎРАНЛАР

Әсирлердиң думанлары жабылар да, ашылар,
Қара бултты қақ жарып, шығар ай, күн менен жулдызлар,
Төрт тәрепке адамзаттың, үнем-ырысқы шашылар,
Ҳәрбир дәўирге ылайық, дөрер алымлар дилўарлар!

Хошәдес хош ҳаўазлар, қосықлар жаңлатар қызлар,
Муҳаббат тенизинде жүзип, кемеси ғарқ болмағанлар,
Дүньяға дөреген екен, гөззаллар менен дилбарлар
Узақ-узақ саяхатта, узын жолда қалмағанлар.

Мыңларды мунтала етти, муҳаббаттың мың майданы,
Жигитлер жан қосқан жолдан, жақсы қызларға жайдары,
Адамзат бирин-бири сүйди мисли жанға дәри,
Әжинияздың басынан өтти жулдыз болып дәўранлар!

## ЖҮЗГЕ ЖЕТКЕР ЖАСЫМДЫ

Мине ҳәзир айқай салып келип қалды алтын гүз,
Гүмис жапрақ сарғыш дөнип, дөнип келди салқын гүз,
Еккен дақыл бәри писип, толықтырды салқын гүз
Қуўандырып гүллер тақты ҳүрмет етип басымды!

Ақ алтыннан, сары алтыннан қызылланды қырманым,
Өз орнына жыйнап атыр, қурдай қатнап кәрўаным,
Усы гүзде пахта байрам, уллы дослық байрамым,
Ақ гүл менен орап алды қыз-жаўанлар қасымды.

Алма, жүзим, әнжир шақаларда бүрилген,
Ақ дәстүрхан толы шөрек, ақ отаўлар тигилген,
Барлық дақыл, жыйналып тур, жемислери терилген,
Мен халықтан аямайман аўқат пенен асымды.

Қарақалпақ парзентимен ерлик қылған елине,
Ҳүрмет пенен миймаи күткен отырғызып төрине,
Бар өмирим, ақыл-хуўшым, туўып өскен жериме,
О, кудайым той берейин, жүзге жеткер жасымды!

## БИЗ ӘЖИНИЯЗТЕКЛИМИЗ

Ғәрезсиз халық, кушағында өмир бахыт кәмалы,
Сен түрксең ҳүрметлеген күндей күлген Каабаны,
Ахун Әжинияз меҳрибаны әўладлар бабакәланы,
Ҳақ тилекли ҳасыл-заты биз Әжиниязтеклимиз.

Муҳаммедтиң үмметимиз биз куданың кулымыз,
Жүрегимиз ҳасыл, тилек ҳақ ақгиршиктей қолымыз,
Паяндозлар көзге ысық, айдын ашық жолымыз,
Ҳасыллардан дөреген ел биз Әжиниязтеклимиз.

Миллион жыллар, мың әсирлер өмир өтсе арадан,
Жаў тумсығын жоян еттик, тумсығымыз болды қан,
Мәрт болып өсип-өндик күш алып әзиз анадан,
Батыр болып жаўды жеңдик биз Әжиниязтеклимиз.

Шешен шайыр, дилўар шайыр, композитор Әжинияз,
Бозатаўы айтылып жүр, нешше қыслар, нешше жаз,
Әжинияз мийрас қалдырды, дүрданадан жазып бәяз,
Ҳасыл сезим, ҳақ халықбыз биз Әжиниязтеклимиз!



КИТАПХА
Әжинияз ат.
Нөкис мәмле.
педагогика.
Инв. № 383 98730
г.



# МАЗМУНЫ

Әжинияздың әўлады . . . . . 3
Теберик . . . . . 3
Өмир баязым . . . . . 4
Оқың дослар баязымды . . . . . 5
Ярдың айткан баязына . . . . . 5
Халықтың күн айы бар . . . . . 6
Ата-анамыз . . . . . 6
Қоңыраттың халқынан . . . . . 7
Көреген . . . . . 7
Бабалар . . . . . 8
Әжинияздың жүрген жерлери . . . . . 8
Шайыр, композитор, қосықшы . . . . . 9
Мырзагүл Сапаева . . . . . 9
Халықтың ишинде . . . . . 10
Бәҳәриң керек Әжинияз . . . . . 10
Әжинияз шайыр киятыр . . . . . 11
Қыз-жигитлерге . . . . . 11
Ҳафыз бекен Әжинияз . . . . . 12
Қутлықлаў . . . . . 12
Қырық миллион қызларым . . . . . 13
Ықласым менен . . . . . 13
Дуўа болар . . . . . 14
Шапсам деймен . . . . . 14
Бир жанан болар . . . . . 15
Үйренип қалдым уяға . . . . . 16
Кеттим . . . . . 16
Ашығыман . . . . . 17
Әжинияздай сазенде . . . . . 17
Изле . . . . . 18
Бердим . . . . . 19
Қарақалпақ деген халықты . . . . . 19
Жалынбадым . . . . . 19
Мәжнүн болдым . . . . . 20
Қалдым . . . . . 21
Қарақалпағым . . . . . 21
Барар . . . . . 22
Айралық . . . . . 22
Ҳаўаз . . . . . 23
Дүньяда . . . . . 24

. . . . . . . . . . 24
Дүзде қалар . . . . . . . . . . 25
Жулдыз барма екен? . . . . . . . . . . 25
Жоқ . . . . . . . . . . 26
Агаҳий менен Әжинияз . . . . . . . . . . 26
Қыят-Қоңыраттың қызысаң . . . . . . . . . . 26
Ядымдадур . . . . . . . . . . 27
Инам етти Әжинияз . . . . . . . . . . 27
Қуўаныш қойныма сыймас . . . . . . . . . . 28
Заман келди . . . . . . . . . . 29
Наўайы—поэзия булағы . . . . . . . . . . 29
Жәўланы бол . . . . . . . . . . 30
Яр болдың . . . . . . . . . . 31
Келдим . . . . . . . . . . 31
Муҳаббаттан . . . . . . . . . . 32
Бир баяз жазалмадым . . . . . . . . . . 33
Әрман анты . . . . . . . . . . 33
Наўайының булағынан . . . . . . . . . . 34
Халқым сени даңққа бөлеген деймен . . . . . . . . . . 35
Шайыр улым Халилаға алғыснама . . . . . . . . . . 36
Ҳаўам . . . . . . . . . . 36
Дүньяда . . . . . . . . . . 37
Гүлбәҳәр . . . . . . . . . . 37
Ботакөз . . . . . . . . . . 38
Арал . . . . . . . . . . 39
Жақты жаҳанға келгенмен . . . . . . . . . . 40
Мен баяғы Жолмурзаман . . . . . . . . . . 40
Керек . . . . . . . . . . 41
Мен өзиңниң урпағыңман . . . . . . . . . . 41
Тебериксең Хожели . . . . . . . . . . 43
Қайтар маған . . . . . . . . . . 44
Әмиўдиң қызлары . . . . . . . . . . 44
Баўырлас елим-Бостаным . . . . . . . . . . 44
Досларыма келдим мен . . . . . . . . . . 45
Дүнья даналарының дәрманы булмен . . . . . . . . . . 46
Қыят-Қоңыраттың қызлары . . . . . . . . . . 46
Бостанда қалды . . . . . . . . . . 47
Бостанның шәмен гүллери . . . . . . . . . . 47
Бир келип кетиң . . . . . . . . . . 49
Тарийх тиркеўлеринен . . . . . . . . . . 51
Раўшан . . . . . . . . . . 52
Алпыс жасар-Ата қала . . . . . . . . . . 53
Ырзаман . . . . . . . . . . 53
Бар екен . . . . . . . . . . 54
Қызларгүлдиң саўалы-Жолмурзаның жуўабы . . . . . . . . . . 57
Жанан сүйер жигитлерге . . . . . . . . . . 58
Күйдирме . . . . . . . . . . 58
Қоңыраттың қызлары . . . . . . . . . . 58
Қоңыратқа келиң . . . . . . . . . . 59
Қоңыратқа келиң . . . . . . . . . . 59
Нурлар шашқан жақты айға . . . . . . . . . . 60
Қыз-жаўанлар . . . . . . . . . . 61
Дәўранлар . . . . . . . . . . 61
Жүзге жеткер жасымды . . . . . . . . . . 62
Биз Әжинияз теклимиз . . . . . . . . . .


3159